

Ijambo rya buri muni
Ijambo ry'ubuvugishwa ry'Umuni

IGICE CA

3

Mukak-Myand-Nyak

2025



Inkuru Nziza

Imisi Yose

KUBUNTU

Kugurishwa Ntivyemewe
Iyi nkuru nziza ya buri muni yaramaze
kurihwa n'abafatanyabikorwa bacu
rero irashobora gukwiragizwa ku buntu



Nk'uko amazi apfutse amerera umuntu anyotewe cane, Ni ko n'inkuru nziza zimera, zivuye mugihugu ca kure (Imigani 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL

UEBERT NA BEBE ANGEL

Kubera ko Uebert na BeBe Angel bafise ubumenyi bwinshi mu gikorwa c'Imana, baracitse amajwi azwi cane mu gukwiragiza Inkuru Nziza y'ubuntu bw'Imana (Euangelion) no guteza imbere igikorwa c'ubuhanuzi kw'isi yose. Kubera ko ari abanditsi b'ibitabu bikomeye cane nk'ivyo bita "Intambara yo mu vy'impwemu", "Ibanki z'amasengesho", "Ububasha burengeye bw'uwizera", "Ubuzima burongowe n'ubuntu", n'igitabo c'Inkuru Nziza ya misi Yose", baragize intererano zihambaye mu bitabu vya gikirisu.



Uebert na BeBe Angel bazwi cane kubera umuhamagaro wabo, ubuhinga bushasha bwabo n'uburongozi bufise inguvu bwabo, ni abavugabutumwa baronderwa cane. Nk'imboneza zo kw'isi yose mu vy'ubuvugishwa n'abashinze Ekleziya y'Inkuru Nziza (Ambasade ya Mpwemu), kandi bafise ibango ry'ubuvugishwa, baragize ico bakoze cane ku buzima bw'abantu amamiliyoni kw'isi yose, biciye m'umutima wabo wo gukwiragiza ihishurirwa ry'Inkuru Nziza n'ububasha mpindura buzima bw'ubuntu bw'Imana (Euangelion).

IVYEREKEYE GITABO C'INKURU NZIZA YA MISI YOSE

Igitabu c'Inkuru Nziza Ya Buri Muni ni igitabu rukristo cubahwa, canditswe kugira ngo gitange ubumenyi mu vy'impwemu ku muni ku muni. Gitanga ubumenyi bwimbitse, amahishurirwa akomeye, n'ukwatura k'ubuvugishwa vya minsi yose agenewe kuyobora abasomyi mu buzima bushingiye kuri Kristo, bushingiye ku nyigisho zihindura n'amahishurirwa y'Umuhanuzi Uebert Angel. Ico gitabu gisohoka buri kwezi kwa gatatu, citandukanije nibindi kubera gishika kw'isi yose, gitangwa ku buntu kandi mu ndimi nyinshi zitandukanye kugira ngo gitsinde intambanyi z'indimi kandi kugira ngo ubutumwa buhindura ubuzima bushikire umuntu wese, aho ari ho hose kw'isi yose.



Ku wa kabiri, Itariki1 Mukakaro

INKOMEZI ZITANGANJE

Luka 22:43

Umumarayika aramwiyereka, avuye mw'ijuru, amutera intege.

Umurongo w'uyu musu ufatiye kw'ijoro ry'ugufatwa kw'Umukami Yesu, rya joro asaba Imana ngo igikombe kimurengane, asaba abigishwa biwe ba hafi, Petero, Yakobo na Yohani, ngo basenge kumwe na we mu masaha yiwe ya nyuma.

Iyumvire gusa ko k'umubabaro ukaze cane yumvise uwo musu, igihe cose yasubira gusuzuma abo bagabo batatu yari yasavye kuza kumufasha gusenga, yasanga basinziriye cane! Iyumvire urwo rugero gwo gucika intege!

Ni bangahe bariko bumva ko babuze ubufasha bakeneye uno musu? Umukama wacu Yesu yarabiciyemwo imbere yacu! Igihe ata n'umwe yaronka wo guhagararana na we mw'isaha yiwe yanyuma, Imana yaramuhaye inkomezi zitangaje! Ivyanditswe bivuga ko yakomejwe n'umumarayika. Yatewe integer zishasha, ivyo bikaba vyatumye atumva yuko babigishwa biwe batatu bari hafi cane batamushigikiye.

Ushobora kuba wumva urushe kandi ucutse intege, ariko hariho inguvu zikomeye cane ku buryo abamarayika bariko barazikuzanira ubu. Niwitege inkomezi zitangaje mu vyo ukora vyose uno musu. Ufise izo nkomezi, nta kintu na kimwe coguhagarara imbere!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nuzuye inkomezi ziva mw'ijuru, nta nzitizi ntashobora guca, nta nzitizi ntashobora kuneshya, nta musozi ntashobora kuduga kandi nta ihiganwa ntashobora kwiruka. Nta kintu na kimwe kizohagarara mu nzira y'ukuroranyirwa kwanje mw'izina rya Yesu!

KUNONOSORA INYIGISHO

Abafilipi 4:13

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 79-82

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 2 Mukakaro

UKWIRINDA

Abagalatiya 5:22-23

Ariko ivyo Mpwemu yama ni: urukundo, umunezero, amahoro, ukwihangana, kugira neza, ingeso nziza, kuba umwizigirwa, ubugwaneza, ukwirinda...

Nk'umuserukizi w'ijuru yuzuye Mpwemu w'Imana, ukwiriye kwitega ko ivyamwa vy'Imana bivugwa mu murongo w'uyu musu bigaragara mu buzima bwawe. Uyu musu, ndashaka ko twitwararika cane icamwa citwa ukwirinda. Ijambo "ukwirinda" ni ijambo egkrateia, risobanura "ububasha, ubugenzuzi", kandi ryerekana ku muntu afise ububasha bwose ku bushake bwiwe, ivyipfuzo vyawe n'inyiyumvo vyawe. Mu yandi majambo, umuntu azi kwigumya bivuye mu mutima. Ni icyumviro co kwirinda no gutozwa indero.

Narahuye n'abantu barwana n'ukwigumya mu bintu vyinshi, harimwo n'ivy'amahera. Bamwebamwe barakoresha amakarata y'inguzanyo kugira ngo bagure ibintu badafitiye uburyo, bafise icipfuzo kidahaga co gukoresha amahera. Nama mvuga nti icyo udafise uburyo bwokugura ikintu kabiri, ntukigire. Abakristo bamwebamwe muri iki gihe ntibatera imbere kubera ko batamenyereye ukwirinda. Mpwemu Yera yama arikumwe nawe kugira agufashe kwama icyo camwa c'ukwirinda. Reka akuyobore akwigishe gutozwa indero n'ukwirinda mu bijanye n'ubuzima bwawe bwose guhera uno musu

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Gutoza indero n'ukwigumya biri muri kameremere kanje, kuko navyawe na Mpwemu w'Imana. Sinzokwigera ntakaza ububasha mu bijanye n'ubuzima bwanje, kuko ukwirinda gukura muri jewe ku musu ku musu, mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Imigani 25:28

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 83-86

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 3 Mukakaro

KWITEGURIRA IDUZWA RY'ISHENGERO

1 Ab'i Tesalonike 4:15

Iki ni co tubabwira, ni ijambo ry'Umwami twashikirijwe, yuko twebwe abazoba bakiriho, dusigaye gushitsa ku kuza kw'Umwami wacu, tuzokwitangira na gatoya imbere yabasinziye

Reka dusuzume ijambo “abazoba bakiriho” riri ku murongo w'uyu musu. Impinduro y'ikigiriki ni zao, bisobanura kugira ububasha buhambaye, kugira inguvu, kugira ubuzima bwuzuye. Rero, si ukuvuga gusa ko uriho, nk'aho woba utapfuye. Ni ubwoko bw'ubuzima bwimbitse kuruta. Biraduha ikimenyetso c'ingene abakirisu bakwiye kuba biteguriye ukuza kw'Umwami.

Urabonako, ukwiye kuba wuzuye ubuzima mu kugendana n'Umwami, ufise ubuzima bushasha kandi wuzuye inguvu kandi uvuyishimiye. Ni umukristo afise ubushobozi mu bikogwa vy'Ubwami azogenda mu nzira y'iduzwa ry'ishengero, si uwumeze nkibisharizo vyo mw'ishengero. Rero, utegerezwa kwibaza iki kibazo kigira giti: “Ubukirisu bwanje burafise ubuzima n'inkomezi?” Kuja mw'ishengero biroroshe, ivyo umuntu wese arashobora kubikora. Ariko gutwara ivyo wize mu mabarabara manini n'amayira mato, ukabishira mu ngiro ku bagukikije, ukagendera m'ububasha n'ubushobozi, ugakorana ivy'Ubwami inguvu n'umunezero ataco widogera ni vyo bigutandukanya, bikakugira uwiteguriye inyakurwa None wewe witeguye gute?

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Kuva uyu musu, nzogenda urugendo rwanje rw'ukwizera nuzuye inguvu, umunezero n'ubushobozi. Kristo muri jewe azogaragara cane ku buryo abantu iyo bambonye, bamubona! Aleluya!

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 12:11-13

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 87:1-89:37

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 4 Mukakaro

NARAKUWEKO ISONI!

Abaheburayo 12:2

Dutumbereye Yesu wenyene, ni we nyanduruko yo kwizera kandi ni we yagusozereye. Uwo, kubwo umunezero yashizwe imbere, yihanganiye umusaraba, abonako isoni zawe ari ubusa, avyagira I buriy bw'intebe y'Imana.

Reka dusuzume igice cakabiri c'umurongo w'uyu musu, ingene Umwami wacu Yesu yihanganiye umusaraba “agasuzugura isoni” zazananye nawo. Ijambo “isoni” ni jambo ry'ikigiriki aischune, risobanura isoni, ugusuzugura, ikintu giteye isoni kandi giteye isoni cane. Mu gukoresha iri jambo, Intumwa Paulo araduha ugutahura ivyo Umukiza wacu yacyemwo uwo musu. Ibaze gukubitwa cane, ukabambwa ku musaraba, ukanamburwa imbere yabantu bese babibona. Wokwiyumva gute? Naho ibishushanyo akenshi bimugaragaza yambaye igitambaro mu mumukenyerero, siko vyagenze. Amateka yerekana ko abasoda b'Abaroma batakunda gufuka igitsina c'umugabo.

Umwami wacu yarakojejewe isoni cane uwo musu. Ntiyatwaye indwara gusa, yatwaye n'isoni, kugira ngo ntuzorinde kubicamwo. Ni isoni izihe uriko uracamwo uno musu? Umwami Yesu yarihanganiye isoni yacyemwo kugira ngo ntuze wigere ugira isoni.

Rekura ivyagukojeje isoni!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sinzokwigera mbabazwa n'ivya kera vyanje be n'ububisha bwavyo. Umwami wanjye Yesu yarankijije isoni kugira ngo mbeho ubuzima butagira ubuja. Urakoze Mwami Wanjye, Ndidegemvya!!

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 10:11

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 89:38-91:13.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itariki 5 Mukakaro

NIGIKI GITUMA ISENGESHO RYANJE RITEBA KWISHUGWA?

Abakolosayi 4:2

Mukovye mugusenga, mukubemwo maso mushima;

Mu myaka yose maze ndi mw'ibango, sinshobora kubabwira ingene abantu bama babaza ibibazo biva ku gusenga kwinshi kutishugwa. Umugabo umwe yarashitse ku rugero rwo kumbaza nimba hari ibanga ryo kwihutisha inyishu z'amasengesho. Reka ndabasigurire uwo murongo uri hejuru kugira murushirize gutahura neza.

Ijambo ry'ikigiriki proskartereo, risobanura gusinika cane ikintu, kudacika intege, canke kubandanya imbere, gushikama. Mu gukoresha iri jambo, Intumwa Paulo atubwira kuguma twibanda mu gusenga, gutera intambwe mu mpwemu, ntitwigere ducika intege. Nkako, arabandanya avuga ngo wongereko ugukenguruka. Kubera iki? Yari azi ko iyo usenga wiyumvira gutyo, intsinzi yawe iraheza ikaboneka koko!

Bavukanyi, hazoshika aho inyishu zimwe zimwe z'amasengesho zizotwara igihe kirekire. Cane cane iyo isengesho ari ico nita "amasengesho adasanzwe", utegerezwa kuguma uhata kandi witega inyishu naho woba uri mu kibanza co kurindira. Ntuhebe ivyo uriko urasengera. Sunika cane kuri ryo sengesho, kandi ushime Imana mu gihe uri kuri ryo – IMINYORORO IRIKO IRACIKA!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sinzokwigera ntakaza isengesho. Kuva uno musu, ndakomeza gusunika ku cipfuzo canje mw'isengesho nk'uko ntari bwigere ndabikora. Intsinzi namaze kuyibona. Urakoze Mwami Mana yanje Mushoboravyose! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Abatesalonika 5:17

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 91:14-94:16.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku musi w'Imana, itariki 6 Mukakaro

NONE UKWIZERA KWAWE KWoba KWAKIJE?

Mariko 9:23

Yezu aramwishura ati: “uvuze uti : Namba wobishobora? Erega vyose bishobokera uwizeye”

Imbere y'umwaka wa 1983, guhamagara umuntu ata telephone ifise umugozi ntivyashoboka. Vyahindutse igihe Motorola yazana telephone ngendanwa ya mbere. Guhera ico gihe, abantu barashobora guhamagara bari ku rugendo batarinze kwicara iruhande ya telephone umusi wose barindiriye ko umuntu abahamagara. Gushika ico gihe, ubwenge bwari bushingiye gusa ku cyumviro c'uko umuntu yashobora guhamagara gusa akoresheje amatelefone afise umugozi.

None, ukoresheje iyo ngereranyo mu buzima bwawe nk'umukristo, birashoboka kuvuga ko ubuzima bwawe bushobora guhagararira kubushobozi buke n'ugutahura kw'abandi, kandi ivyo ni vyo ukwiye kurwanya.

Anka kubona ikintu cose nk'ikitagira icizigiro kubera gusa ibijanye n'ub utunzi bw'igihugu bitameze neza canke raporo umuganga yaguhaye. Nta bucuruzi udashobora gutangura, nta ndwara idakira, mugihe ukwizera kwawe kwakije.

Ntukigere wemera ikintu ico ari co cose nk'ikidashoboka. Urashobora guhindura ikintu cose mu gukoresha ukwizera kwawe, ukanamenagura ibiri hejuru yawe vyose bikubuza gutera imbere lbuka ko ushobozwa vyose na Kristo aguha inkomezi.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndakiye gushika kunkomezi zose itara ry'ukwizera kwanje uno musi! Sinzogabanywa n'ivyiyumviro vy'abandi; Ndafise ubwenge bwa Kristo muri jewe, kandi ndatsinda imisi yose mw'izina rya Yesu!

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohani 14:12-14

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 94:17-98:3

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 7 Mukakaro

GUSENGA Umwami

Ivyakozwe n'intumwa 13:1-2

Kandi muri Antiyokiya, mw'ishengero ryaho, hari abavugishwa n'Imana n'abigisha; umwe ni Barubana na Simeyoni ari we Nigeru, na Lukiyosi Umunyasirene, na Manayeni yarerewe hamwe n'Umwami Herode, hariho na Sawuli. Bariko barasenga Umwami Imana bisonzesheje, Mpwemu Year aravuga ati: "Nimundobanurire Barunaba na Sawuli bankorere igikorwa nabahamagariye"

Woba warigeze wiyumvira vy'ukuri ico bisobanura gusenga k'Umwami? Umurongo uri hejuru uvuga ku Bavugishwa n'Abigisha babikoze, ariko none bisigura iki? Ni ibintu vyoroshe ariko ni ngirakamaro ku gukura kwacu kwa gikirisu. Reka nkwereke.

Gusenga Umwami ni ikintu witegurira n'inguvu zawe. Utegerezwa gushira umwanya kuruhandewo kubikora uvyitondeye. Ubwa mbere, ushire umutima wawe wose kuri we mu gusenga: televiziyo izimye, telefone ngendanwa izimye, inzugi zugaye—ni wewe na we gusa. Hanyuma, uvuge amajambo yo kumushemeza ava mu mpwemu yawe, amajambo amushira hejuru nk'Imana, amajambo yo kumusenga no kumukengurukira. Mubwire ivyo uriko uramushimagiriza. Mubwire ingene urukundo n'ubugwaneza bwiwe ari igitangaza; shingira amasengesho yawe kuri we. Uhoraho arakwishura iyo umusenga gutyo. Ivyo biganirwa vy'ibigirankana ubigire ubudasiba kandi witege ububasha buca uruzitiro mu buzima bwawe mu rugero runini.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Urakoze Mukama, ko wampaye icubahiro co kugusenga, ico nzocitaho cane kuva ubu. Impwemu yanje iranezerwa uko nshira hejuru Izina ryawe ubu n'ibihe vyose. Ndagukunda, Mukama wanje Mana Mushoboravyose!

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaheburayo 13:15

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 98:4-102:7

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 8 Mukakaro

MBEGA URUKUNDO

Yohana 15:13

Ntawogira urukundo ruruta urw'uk'umuntu yigura abakunzi biwe.

Ivyanditswe vy'uuyu musu birashira ahabona ikintu kidasanzwe ku Umwami wacu Yesu, yaduhaye ubuzima bwiwe ku bushake. Nta muvugishwa, umwungere canke umwigisha yigeze abidukorera. Si we wa mbere yabambwe, ariko ni we wa mbere yapfuye mu kibanza c'abandi.

Yatanze ubuzima bwiwe n'ibigirankana ku bushake bwiwe bwite. Yari gushobora kwibohora bitagoranye mu maboko y'abamubamvye. Nta nkeka ko yari afise ubwo bubasha, ariko yahisemwo kuja ku musaraba no gufira abanyavyaha.

Ivyo Umwami Yesu yakoze vyose, yabitewe n'urukundo afitiye wewe na jewe. Impamvu yavutse, akabaho, agapfa, akazuka, nikugira «tugira ubuzima kandi tubunzererwe bimwe bishitse» (Yohana 10:10). Ni nde kw'isi afise urukundo nk'urwo? Inyishu ni uko ata n'umwe. Uyu musu, zirikana kuri urwo rukundo ruhambaye Imana yagaragariye abantu. Mushime kandi mumuhimbaze kubera yatanze ubuzima bwiwe ku bushake kugira ngo nawe ushobore kunezererwa ubwawe bimwe bishitse.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndatuye ubuzima bwuzuye. Bwuzuye umunezero, amahoro, uguterimbere, urukundo n'iyindi mihezagiro yose ikomeye ijana n'agakiza kanje. Ndakundwa n'Imana; umutima wanjye waravugiye! Urahoze Umwami! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohani 3:16

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 102:8-104:4.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 9 Mukakaro

IGIKORWA C'IMANA

Abanyefeso 4:11-12

Kandi yahay ebamwe kuba intumwa, abandi kuba abavugishwa na we, abanda kuvuga ubutumwa bwiza, abanda kuba abungere n'abigisha: kugira ngo Abera babone gutungana, baheze bakore igikorwa co kugabura ivy'Imana, bubake umubiri wa Kristo.

Ushobora kuba uri umunyapolitike, umuganga canke umukinyi w'imikino yokwinonora imitsi, kandi ni vyiza cane. Ariko, umuhamagaro wawe wambere n'igikorwa cawe ca mbere mu buzima ni ugukora igikorwa c'Imana. Ibindi vyose biza munyuma. Raba igituma Imana yahaye Ishengero ingabire zitanu z'ubusuku, "kugira ngo Abera babone gutungana, baheze bakore igikorwa co kugabura ivy'Imana, kugira ngo bakore igikorwa c'ubusuku...." Ivyo bisigura inzira iyariyo yose y'akazi uhitamwo; uracakeneye gutunganirizwa igikorwa c'ubusuku mu kuja mu misa no kwigishwa. Nta gikorwa ukora kidashobora kwunganira igikorwa c'Ubwami.

Uyu musu rero, genda aho ukora, muri kaminuza yawe canke muri kwishure, mu kibanza wimenyerezamwo, no ku bantu bose muhura maze ubasukemwo imihazagiro y'Ijuru iri muri wewe. Shingira intahe abo mu muzingi wawe kandi ubereke urukundo rw'Imana. Uzotangazwa n'ingene uzobona ingaruka nyinshi.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uko nzosohoka mu karere kanje k'ububasha uno musu, nzokwereka urukundo rw'Imana abo tuzohura bose. Igikorwa c'Imana ni co gikorwa canje ca mbere, kandi nzogikora n'umuriro mwinshi kuruta kuva uno musu mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Petero 4:10-11

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 104:5-105:24

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 10 Mukakaro

UBUSHOBOZI BWO GUKIZA

Luka 5:17

Ku muni umwe muri yo yarigisha. Abafarisayo n’abigisha ivyagezwe bari bicayeho, bavuye mu mihana yose y’iGalilaya n’iYudaya n’iYerusalemu; kand’ubushobozi bw’Umwami Imana bwari muri we bwo gukiza indwara

Umurongo w’uyu musu uvuga umusi aho Yesu yigisha Ijambo, kandi ubushobozi bukiza bw’Imana bwariho. Mpwemu Yera yuzuza ico cumba ububasha bwo gukiza, nk’uko yabigenjeje mu busuku bwa Yesu bwose, akazura abapfuye, akugurura amaso y’impumyi, agakiza abanyamibembe.

No ku musu w’uyu musu; uwo Mpwemu nyene yazaniye Yesu ubushobozi bukiza, ni muzima kandi ari muzima muri wewe! None ko umubiri wawe wahindutse inzu ya Mpwemu Yera, nta ndwara canke ubugoyagoye bikwiye kuba muri uwo mubiri nyene; anka kwakira uwo mwimukira atemewe n’amategoko!

Shira ukuboko kwawe ku ngorane iyo ari yo yose mu mubiri wawe ubu nyene maze watureuti: “Ndanse kwakira indwara mu mubiri wanjye. Ndategeka iyi ndwara gupfa ikava mu mubiri wanjye mw’izina rya Yesu.”

UKWATURA KW’UBUVUGISHWA

Mpwemu Yera ari muri jewe bisigura ko gukira kuri muri jewe. Nfise ububasha bwo gukiza imbere muri jewe. Ndatuye amagara y’Imana imisi yose y’ubuzima bwanje, kandi jewe n’umuryango wanjye ntituzoshira ikirenge mu biro vy’umuganga mw’izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 8:11

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c’umunsi: Zaburi 105:25-106:33

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 11 Mukakaro

NTACEREWE, ARI KU GIHE

Yohana 11:39

Yezu aravuga ati: «Nimukureho iryo buye! » Marita mushiki w'uwapfuye, aramubwira ati: «Mukama, erega ubu aramaze kunuka, kw'amaze imisi ine apfuye.»

Izuka rya Lazaro ntirerekana gusa ububasha bwa Kristu, ariko kandi rirashira ahabona ivyiyumviro vy'abakirisu benshi muri iki gihe.

Naho Marita mushiki wa Lazaro yari yizera ububasha bw'Imana, yaratakambiye Yesu ngo yashitse acerewe cane, haciye imisi ine musazawe apfuye. Ivyanditswe vyerekana ko, imisi mikeyi imbere y'aho, abo bashiki biwe bamenyesheje Umukama Yesu indwara ya mwene wabo, none ni kuki atihutiye kuja kubaraba? Ni kuki yacerewe?

Inyishu iroroshe; Yesu ntiyacerewe; Yashitse ku gihe!

Mu migenzo y'Abayuda, bivugwa ko ubugingo bw'umuntu buguma mu mubiri gushika imisi itatu inyuma y'urupfu. Mu kurindira gushika ku musi ugira kane, Yesu ntiyasize amakenga ko Lazaro yari yapfuye vy'ukuri, rero kumuzura vyari gushobora gukorwa gusa n'ububasha bw'Imana ubwayo!

Abakristo benshi barafise ivyo kwidodomba ku Mana kubera ibihe biyumvira ko yiyerekanye icerewe cane ariko ntibamenye ico umugambi wayo munini ushobora kuba! Yitwa Umuhinga Adasanzwe. Uko ibintu vyoba vyifashe kwose, arazana ubuzima kandi ku gihe !

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

IMANA IRI KUGIHE! Nkorera Imana ariyo Muhinga adasanzwe. Ariko arazana ubuzima bushasha mu gisata cose c'ubuzima bwanje uno musi! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 8:28

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 106:34-107:38

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itariki 12 Mukakaro

URASHOBORA KWICA INTUMBERO Yawe

Abagalatiya 1:15

Ariko aho bihimbariye Imana yandobanuye nkiri mu nda ya mama, ikampamagara kubw'ubuntu bwayo

Ijambo ry'Imana riraguhaha ububasha bwo kugendera mu mugambi yaguteguriye, ariko niwe ubwwirizwa guhitamwo kuwushira mu ngiro. Inshingano riri kuri wewe ryo kwishura umuhamagaro w'Imana ku buzima bwawe canke kutawitaba. Mu vy'ukuri, urashobora kwica umugambi w'Imana kubuzima bwawe niwaba wipfuzaga kubaho ubuzima bunyuranye n'ubwo Imana yaguteguriye. Nk'akarorero, iyo uhisemwo kubaho mu bukene kandi ukanyurwa na bike, uba wishe umugambi wose Imana yari ifise kugira ngo ube uwushigikira. Ibuka ko umugambi wiwe kuri wewe ari kubw'ineza yawe kandi kubw'icubahiro ciwe.

Umurongo uri hejuru uremeza ko Imana yagutoranije imbere y'uko uremwe mu nda ya mama wawe. Rero, iyo wemeye ubuzima bw'indwara n'ubukene, uba uhisemwo kudashitsa umugambi wawe muri Kristo. Hitamwo kuba umukristo abaho ubuzima bushitse muri Kristo, akora ivyo yaguhamagariye kuba muri iyi si!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ntarahumeka impwemu yambere, IMANA YARAMPISEMWO! Nzoshitsa umuhamagaro yampaye ku buzima bwanje mw'Izina rya Yesu. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yeremiya 29:11

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 107:39-109:31

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku musi w'Imana, itariki 13 Mukakaro

UKO BIMEZE KWOSE

1 Abakorinto 10:13

Nta cabagerageje kitari ico umuntu yoshobora kwihanganira: ariko Imana ni iyo kwizigirwa ntizobakundira ko mugeragezwa n'ibiruta ivyo mushobora, ariko hamwe n'ikibagerageza izobacira icanzo, kugira ngo mubone ingene mushobora kucihanganira

Menya iki: Yezu si we mpera y'ingorane zawe ahubwo niwe cizigiro n'umuti wazo! Utitaye kuri uwo uri we, ingorane zirategakanijwe mu bihe bimwebimwe mu buzima bwawe, ariko zihe ikaze nk'amabuye y'intambwe yo gushika ku bikomeye. Nta bushobozi bafise bwo kugusenyura kiretse ubarekuriye. Umurongo w'uyu musi uradukura amazinda ko naho ibintu uriko urashikirwamwo uno musi vyoba bikomeye gute, Imana irazi ko ufise ububasha bwo kubitsinda.

Kuvuka ubwa kabiri bisigura kwakira ubuzima n'akameremere k'Imana mu mpwemu yawe. Ariko rero, kubera benshi babuze ubumenyi bw'abo ari bo muri Kristo, baguma batsindwa mu ngorane z'ubuzima! Nk'umwana w'Imana, ugushira mu ngiro ljambo ryiwe nivyo biguha ubushobozi bwo kunesha ibintu vyose ucamwo. Wanke gucika intege igihe amahinduka y'ubuzima ashitse. Ahubwo, nuyaha ikaze. Ufise ububasha bwo guca uruzitiro kugira ngo uduge hejuru!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Imana yampaye ububasha bwose bwo gutembagaza ibitero vy'umwansi bitagira ico bimaze. Ndafise ubuzima n'akameremere k'Imana muri jewe! Uko ibintu vyogenda kwose, sinshobora gutikizwa! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yakobo 1:12

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 110-113

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere igenekerezo rya 14 Mukakaro

IGIHE C'UMUTWE W'IMVI

Zaburi 71:18

Mana ntumpebe, kugeza no mu butama bwanje meze imvi; Ntarabarira ab'igihe kizozza amaboko yawe, Ntarabarira abazovuka bose inkomezi zawe

Kimwe mu vyiyumviro vyoroshe ushobora kwisangamwo ni ukureka ivyo washitseko kera bikagutera intambanyi zo kuroraniwa cane. Dawidi, mu vyanditswe, yari amaze kwiyerekana ko ari umurongozi w'icubahiro, umuntu w'ukwizera, n'umurwanyirye atagira ubwoba, atsinda Goliyati, akiza abantu biwe bose imbere y'uko ashikana imyaka mirongo ibiri! Kubera urutonde runini nk'urwo rw'ibintu vyiza nkivyo yashitseko, iyo ahitamwo kwizingira mu kuroraniwa kw'ivya kera, ntiyari kwigera arangiza ibindi bintu vyose Imana yari yamuteguriye.

Mu murongo uri hejuru, yerekanwa ari umusaza, afise umutwe w'imvi, agisaba Umukama ngo amukoreshe mu kwerekana inkomezi ziwe murunganwe rwiwe n'urunganwe ruzozza! Utitaye kumyaka canke kurugero uriko mu buzima, Imana yiteguye kugukoresha birenze ivyo wari wibazako arivyo vyiza kuruta ibindi vyose! Hari n'ibindi vyinshi cane akubikiye. Gusa bandanya usunika uja imbere.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nzorenga ivyo nari nararanguye vyose mbere! Ntanakimwe kizontangira. Imana yaranteguriye vyinshi cane, mbere n'ibirenze ivyo nshobora kwiyumvira. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abanyefeso 2:20

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 114:1-118:9

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 15 Mukakaro

UBWOBA NO KWUBAHA

Imigani 9:10

Ugutinya Uhoraho niryo tanguriro ry'ubwenge kandi kumenya Uwera niko kumenya ubwenge.

Ijambo ngo “ntimutinye” rivugwa incuro amajana atatu na mirongo itandatu na zitanu muri Bibiliya yose, rimwe ku musi wose wo mu mwaka. None umurongo wacu w'uyu musi utubwira gute ko gutinya Umukama ari intango y'ubwenge? None, ni iki, ukuri kwo mu vy'impwemu guhishurirwa mu vyanditswe canke ukuvuguruzanya gukomeye? Gumana nanje. Imana iriko yerekana gusa ubwoko bw'ubwoba ushobora gusohora. Hariho ubwoba bw'umubiri, bushobora kukugirira nabi. Ariko rero, twisunze ibivugwa mu canditswe kiri hejuru, ubwoba buvugwa ni ukwubaha Imana!

Insobanuro ya Bibiliya yo kwubaha irakomeye cane, gusenga no kwubahiriza Imana n'ibintu bijanye n'ubumana. Nk'umukirisu, uvyurirwa umutima wo gukora igikorwa c'Ubwami bishingiye ku rugero rw'icubahiro ufise kw'Ijambo ryiwe. Uyu musi, uhitemwo gushira hejuru ubuzima bwawe burengeye ubuzima busanzwe biciye mukugira icubahiro kitanyiganyiga ku Mana no ku muhamagaro wayo ku buzima bwawe; nyo ntango y'ubwenge!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Sintinya ivyo umwansi yoshobora kunkorera; ahubwo ndafise icubahiro ku Mana! Iyo nubaha uwo ari we mu buzima bwanje, aranduza akanjana ku bibanza bikomeye kuruta! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaheburayo 12:28

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 118:10-119:40

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 16 Mukakaro

UMUGAMBI W'AMAPENGUINI

Luka 22:32

Ariko wewe nagusengeye ngo ukwizera kwawe ntiguhere. Nawe ni wamara guhinduka, uz'uremeshe bagenzi bawe

Ivyo bikoko bita penguin biba ahantu hakanye cane kw'isi, bikaba vyihanganira imbeho Ishika muni yama dogere mirongo itandatu ku musi. Amababa yazo yubatswe neza cane kbihe bikomeye vyimbeho, zikagire n'ibinure vyinshi kugira ngo bigumye ubushuhe bwo mu mubiri kandi bifate umuco w'izuba. Naho ari ukwo, nta na kimwe muri ivyo bikoresho gikora neza nk'uwo mugambi wizo penguin iyo zipfukiye hamwe mumuzingi ! Iyo zipfutse hamwe (uburyo bwitwa thermoregulation sociale), hagati yazo, ubushuhe bushobora gushikakuri dogere mirongo itatu n'indwi.

Cokimwe n'igikoko citwa penguin, nk'umukristo, warahawe ububasha bwose bwo kwitunga mu mibereho y'iyi si ikanye, ufise Ijambo ry'Imana kugira ngo ugume ushushu . Ariko rero, hariho inyungu nyinshi cane mu gukomeza bene wacu mu Mukama ishobora kurenga mbere n'amasengesho ukora kubwiwawe nyene. Wifukiye hamwe n'abagenzi n' umuryango wawe bafise umuhamagaro nkuwawe. Iga gusabira ababanyi bawe n'abavukanyi bo kw'isi yose nkuko nabo bagusengera

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nka kurya kw'ibirundo vy'ama penguin kugira ngo bishushe mu bihe vy'ubukonje, ndakomeza benewacu na bashiki banje mu Mwami biciye mu masengesho yanje kugira ngo nkomeze ubuzima bwabo n'ubwanje, naho vyoba bimeze gute, mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Abatesalonika 5:11

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 119:41-96

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 17 Mukakaro

INZIRA Z'UMUHEZAGIRO

Kuvayo 4:2-3

Uhoraho aramubaza ati: « Ico ufise mukuboko ni iki? » Aramwishura ati: “N’inkoni.” Aramubarira ati: « Yiterer hasi » Ayiterera hasi, ihinduka inzoka, Mose arayihunga.

Abakirisu amamiliyaridi kw’isi yose barasenga, basaba Imana ngo ibasukure imihezagiro itagira iherezo Bibiliya idondora kugira ngo bagerageze guhindura ubuzima bwabo, yamara ntibamenye inzira ishobora guhitamwo kubahezagiramwo. Imana ntishobora gutunganya ubuzima bwawe iyo ata gikoresho gihari yokoresha kugira ngo ishitse umuhezagiro wayo.

Mu murongo uri hejuru, ivyanditswe vyerekana Imana ibaza Musa ico yari afise mu kuboko kwiwe. Inkoni umuhanuzi yari afise, naho isa n’iyitagira akamaro, yaciye ikoreshwa mu kwereka ububasha bw’Umukama Misiri yose. Mu buryo nk’ubwo, naho vyosa n’ibito gute, ca inzira Imana ishobora gukoresha kugira ngo ikuzanire ivyo yagusezeraniye mw’Ijambo ryayo. Tanga nkishikanwa ibisata vy’ubuzima bwawe bwose maze ubone ibitangaza Izokurikira!

UKWATURA KW’UBUVUGISHWA

Ubucuruzi bwanje ni inzira Imana icamwo mukumpezagira. Amashure yanje ni inzira Imana iriko irakoresha kugira ngo impezagire. Ibisata vyose vyo mu buzima bwanje, vyaba binini canke bito, biriko birakoreshwa kugira ngo binzane imihezagiro yanje! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Luka 16:10

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c’umunsi: Zaburi 119:97-160

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 18 Mukakaro

AMAHERA: GUKURAHU UKWIHENDA!

1 Ab'i Korinto 3:21

Nuko ntihakagire umuntu yirata abantu. Kuko vyose ari ivyanyu.

Igihe Imana yaremye isi, amahera ntiyariho! Amahera yazanywe n'ingene imibereho y'abantu yagiye irahinduka. Yamara, benshi babona nk'aho yaguye avuye mw'Ijuru, ivyo bikaba atari vyo namba. Woba uzi ko mu myaka mirongo n'imirongo, amahera ari muri banki yawe adashigikiwe n'inkuti z'ukuri ahubwo ashigikiwe n'imibare iri ku rubuga rwa orodinateri ijana n'izina ryawe nk'ikimenyamenya c'uko ufise amahera ng'aho? Ivyo vyerekana ko, muri iki gihe, amahera ari ikinyoma: abaho mu maso y'abakene gusa.

Agaciro kawe nyakuri ntikari mu mahera ufise mu mufuko canke mugiharuro kiri mw'ibanki yawe. Ubukene si ukubura amahera. Niwashobora kwibanda ku guteza imbere ubwenge bwawe n'umutima wawe, ukwitwara kwawe nikwo kuzogenzura ingene uronka amahera.

Ntureke ngo amahera akuganze, n'ukwihenda! Mbere na Bibiliya ivuga ngo ubike ubutunzi bwawe mw'Ijuru, aho bufise akamaro vy'ukuri. Ntukigere witwararika cane urukundo rw'amahera, uzobona aza kuri wewe ata ngorane. Kura umuzirikanyi wawe ku bintu vy'amahera. Ahubwo urabe icyo Imana ishaka mu buzima bwawe, ibindi vyose bizokurikira.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Amahera si umwami kuri jewe! Iyo nkoreshye umwanya wo kwiteza imbere biciye mw'Ijambo ry'Imana, ndahindura ingene ndonka amahera. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Matayo 6:33

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 119:161-124:8

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itariki 19 Mukakaro

BIRENZE UMUGENZI

Yohana 14:16

Nanje nzosaba Data, na we azobaha uwundi Mwitsa, ngo azobane namwe ibihe bidashira

Igituma ubucuti ubwaribwo bwose, bwaba ubw'ababiranye canke ubw'abagenzi, busenyuka, ni igihe uguseruranira akari ku mutima guhagarara. Abakristo benshi muri iki gihe ntibamenya uruhara Mpwemu Yera afise mu buzima bwabo, rero bakirengagiza ikiyago gihambaye bogirana na we ku musi ku musi. Data ari mw'ijuru, n'Umwami Yesu ari mw'ijuru, bisigura ko Imana dufitaniye ubucuti uyu musi ari Mpwemu Yera! Ni we atuma ukuhaba kwa Yesu kuba ukuri kuri twebwe, bigatuma biba ngombwa ko utamwemera gusa ahubwo ukavugana na we ubudasiba, ukamushiramwo ata gukeka mu bijanye n'ubuzima bwawe bwose.

Ijambo rimudondora nk'Umuhumuriza aba muri twebwe ibihe vyose. Rero, igihe cose ushikiwe n'imivurungano canke ingorane zo mu buzima, ntushobora kuba wenyene kuko ufise imfashanyo yama iri kumwe nawe ibihe vyose. Tera imbere mu bucuti bwa hafi na Mpwemu Yera mu kuvuga mu ndimi ubudasiba guhera uno musi maze ubone ivyiza vyinshi bivako.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Mpwemu Yera araruta umugenzi kuri jewe. Ndamushiramwo mu mice yose y'umusi wanjye. Ndazi ko yama ari kumwe nanje; Ndayaga na we biciye mw'isengesho ubudasiba. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohani 14:26

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 125-131

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku musi w'Imana, itariki 20 Mukakaro

INKUKUMA MU RUGO RW'INKOKO

Hoseya 4:6

Abantu banje baranduwe no kutagira ubwenge: wewe ko wataye ubwenge, nuko nanje nzoguta, ntuzoba ukiba umuherezi wanjye; ko wibagiye ivyagezwe vyanje, Imana yawe, nanje nzokwibagira abana bawe

Abakirisu benshi bamenyereye kubona agakiza mu buryo bufise aho bugarukira. Biyumvira ko Yesu yaje gusa kugira ngo adukize ivyaha vyacu no kwikorera ubugoyagoye bwacu, yamara ivyo sivyo vyonyene. Izuka ryiwe ryaguhaye ububasha bwo kubaho hejuru y'ubuzima busanzwe! Ubukene n'indwara ni imice y'ubuzima busanzwe, ni ibintu wewe umwana w'Imana udakwiye kwigera wemera.

Iyo wakiriye ibintu bitandukanye n'ivyo Imana yipfuzaga kw'ubwawe, uba uri nk'inkukuma yarerewe mu rugo rw'inkoko! Naho uri umwami ibirere, igihe cose uzoba uri mu nkoko, uzokwigenza nkazo, urwara indwara zazo. Ntuzokwigera umenya ingene ushobora kuguruka hejuru igihe cose uzoba uguma umerewe neza nokubaho ubuzima busanzwe. Gendera mukuri c'uwo Imana yakuremye kuba; wavukiye kubaho uri hejuru y'ivy' isi. Baho ubwo buzima!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndiko ndaguruka hejuru! Nakuriye muri iyi si, ariko sindi uwayo. Ndiko ndaguruka hejuru y'igitero cose c'umwansi. Ibikoreshe bishobora kungirira nabi ntivyaremwe kandi ntibizokwigera biremwa mw'izina rya Yesu!

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 12:2.

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 132:1-135:14

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 21 Mukakaro

HIMBAZA IMANA MU MUBIRI WAVE

1 Ab'i Korinto 6:20

Kuko mwaguzwe igicro kinini. Nuko rero mwubahishe Imana imibiri yanyu

Naho igice c'ivyanditswe kidondora abakristo nk'ingoro ya Mpwemu Yera kiri mu bice bikundwa cane mu bitabu vy'idini, benshi ntibabaho nk'aho ari vyo vy'ukuri. Bibiliya itwigisha ko umubiri wawe ari ingoro y'Imana, kandi ibanga riri kuri wewe kuyininahaza biciye kuri wo. Ivyo bisigura ko udashobora kwemera ko umubiri wawe usenyurwa n'icaha, satani canke indwara iyo ari yo yose.

Nk'ingoro ya Mpwemu Yera, amagara yawe akwiye kuba atunganye; utegerezwa kuvuga ngo oya ku buryo ubwo ari bwo bwose bw'agasembwa buri mu mubiri wawe, nk'uko Imana yakuremye ifise mu muzirikanyi ugutunganigwa! Nta bikorwa bitemewe n'amategeko bikwiye kuba ku bijanye nawe n'umubiri wawe kuko Mpwemu Yera aba muri wewe. Emeza uwo Imana yakugize muri ubu buzima, utaravye ingorane woba uriko urahura na zo, atura amagara meza mu mubiri wawe uno musi!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Umubiri wanje uratunganye! Nta ndwara iyo ari yo yose ishobora gusenya ubuzima bwanje. Imana iba muri jewe. Satani, waramaze gutsindwa mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 8:13

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 135:15-138:38.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 22 Mukakaro

UMWANSI ATIBUKA

Abakolosayi 3:3

Kuko mwapfuye, ubugingo bwanyu bukaba buhishijwe hamwe na Kristo mu Mana.

Abakristo benshi babaho biyumvira ko satani izi vyose ku bijanye na bo no ku buzima bwabo kandi ivyo atari ukuri. Satani si uwo mu mpwemu, naho yakozwe mu bintu vy'impwemu. Ivyo bisigura ko ata bushobozi afise bwo gutahura ibintu vy'impwemu. Ntazi intambara uhura na zo ku musu ku musu kiretse umuretse ngo yinjire mu buzima bwawe biciye ku nyifato yawe mubibazo. Tahura ko Satani yamaze igihe mw'ijuru agenda ku makara y'umuriro asenga Imana, yamara igihe yahura na yo kw'isi, ntiyayimenye muri Yesu.

Bibiliya ivuga ko twihishije muri Kristo. Ivyo bisigura ko umwansi wacu, satani, yibagirwa ingendo zacu. Iga kwungukira ku bujuju bwiwe. Iyo wumvise indwara mu mubiri wawe, wature amagara mu bihimba vyawe vyose. Iyo konti yawe yo muri banki iri gusa, wige kwatura ubutunzi. Umwansi ntaco azi!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nta bubasha satani afise bwo kunsenyura. Ni umwansi atagira inguvu. Ukwatura kwanje guhuye n'Ijambo ry'Imana, ntikuraba ivyanye uko vyifashe. Mw'izina rya Yesu, ndi uwunesha! Amen

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Ab'i Korinto 2:11

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 138:4-140:13.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 23 Mukakaro

VUGISHWA KUMAGUFA YUMYE

Ezekiyeli 37:4-5

Arongerera arambarira, ati Vugira kur' aya magufa, uyabarire, uti Yemwe mwa magufa yumye, ni mwumve ijambo ry'Uhoraho. Uku ni k'Umwami Uhoraho abarira aya magufa, at' Ehe ngira nshire impwemu muri mwebge, nuko muraba bazima.

Ivyanditswe bitubwira ko muri iyi misi y'iherezo, abakristo bose bafise ububasha bwo gukoresha ububasha bw'ubuvugishwa. Yamara, biragoye kuronka abantu bavyungukirako mu buzima bwabo bwa misi yose. Umurongo uri hejuru werekana Imana itegeka Umuvugishwa Ezekiyeli kuvugishwa ku kiyaya c'amagufa yumye, maze mu kanya gatoyi, ayo magufa yumye atangura Kujako inyama.

Nk'umwana w'Imana, naho ibintu uriko uracamwo vyoba bisa n'ibitagira ubuzima gute, warahawe ububasha bwo kuvuga amajambo y'ubuvugishwa ukatura ubuzima muri vyo! Uyu musu, vuga ku vyo urimwo, atura bw'amajambo y'ukwiyongera, yogukira no gusubirana maze urabe Imana izura umuce wose w'ubuzima bwawe.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndavugishwa ku vyo ndimwo! Ndafise ububasha bwo kwatura ubuzima ntaravye ingorane. Igufa ryose ryumye ririko rirazuka UBUNYENE! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 10:9.

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 141:1-145:7.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 24 Mukakaro

GENDERA MURUKUNDO

Yohana 13:34-35

Ndabahaye icagezwe gishasha: Nimukundane; nk'uko nabakunze, ni ko namwe mukwiye gukundana. Nimwakundana, bose bazomenya ko muri abigishwa banje.»

Naho uwo murongo uri hejuru ukundwa cane, abakirisu benshi bakora nk'aho woba upfutse amayobera ku bijanye no kuwushira mu ngiro mu buzima bwabo bwa misi yose. Iyumvire yuko mu gihe ayandi mashengero y'amadini amenyekanira ku kuntu yambara canke ukuntu atunganya imishatsi, Imana yahisemwo urukundo ngo rube ari rwo rutandukanya abakirisu! Nk'abana biwe, birahambaye ko tugendera mu rukundo hagati yacu hamwe no ku bo tutumvikana na bo, nk'uko Kristo yadukunze igihe twari abanyavyaha.

Iyo ugendera mw' ishavu n'urwanko, naho utabigira ubishaka, uba uriko uha umwansi akaryo kogukora mu buzima bwawe. Ntiwemere kuba mwishari canke urwanko, naho abandi boba baragufashe nabi kera canke mbere n'ubu. Umugororotsi imbere y'Imana mu kwerekana urukundo no ku bantu bagoye gukunda maze ubone igice cose c'ubuzima bwawe gitangura gutera imbere.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ngendera mu rukundo. Nkereka abandi urukundo mfise biciye ku kuntu nigenza mu mice yose no mu biyago vyose. Umwansi ntashobora kwihanganira urukundo, ni co gituma ndarukoresha uno musu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abanyefeso 5:2.

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 145:8-148:6.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 25 Mukakaro

IVYAKWAGIRIZA VYARAFUSWE

2 Ab'i Korinto 5:17

Nuko rer' umuntu wese iy' ari muri Kristo, aba ar' icaremwe gisha: ivya kera biba bihise, vyose biba bicitse bisha

Naho Kristo yaje kudukiza biciye mu rupfu rwiwe no mu kuzuka kwiwe, abakristo benshi baracari mu bibazo vy'amakosa yabo ya kera kandi barahanganye n'ingaruka zavyo bamaze igihe kirekire bakijijwe. Naho ivyo ari ukuri benshi bamenyereye, ntivyigeze biba umugambi w'Imana ku buzima bwawe. Impamvu y'ivyo ni uko benshi batatahuye neza icyumviro c'imbabazi. Igihe Imana yatubabarira ku musaraba, yarakuyeho inyandiko y'ibicumuro vyose twakoze imbere.

Mu isi y'amategako agenga ivy'ubugizi bwa nabi, iyo umuntu arekuwe, ivyaha vyawe vyawe vya kera birakurwaho, kandi bimenyeshwa ko ata caha afise. Ivyo nivyaho Kristo yagukoreye ku musaraba. Yarakubohoye ivyaha vyawe vyose vya kera, azimanganya ibibi vyose wakoze. Nturi umunyavyaha w'amakosa wakoze kera; uri ikiremwa gishasha muri Kristo, ivya kera vyarahise. Ivyaha vyawe sivyo bivuga ico uri!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndashimira Imana ko ejo hafuswe. Ndi ikiremwa gishasha muri Kristo, kandi nta nkuru y'amakosa canke ibicumuro vyanje vya kera iriho. Kazoza kanje ni keza; urakoze Mwami Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yesaya 43:18-19

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Zaburi 148:7-150:6; Imigani 1:1-2:9

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itariki 26 Mukakaro

UGUTONESHWA KURACAGURA

Zaburi 5:12

Ariko uhoraho uzohezagira umugororotsi, uzomukikuza ugutoneshwa nk' inkinzo.

Iyumvire ivyo, hagati mu rusaku rw'ubusuma bufise ibirwanisho, umusuma arasa umupolisi kugira ngo ababuze maze abone inzira yo guhunga. Isasu rirabura aho ryari rigamije gutera, ahubwo, umusivile aca afatwa n'umuriro w'amasasu. Ni igiki gituma abapolisi bagenda ataco bakomeretse mu gihe umusivile akomeretse? Ivyo ni ubutoni buriko burakora. Nk'abana b'Imana, tutaravye imigambi y'umwansi, turasonerwa ingaruka z'ibitero vyabo, tukagenda nk'uko uwo mupolisi yabigenjeje, ataco dukoze.

Nimba ivyo bisa n'ibitari ukuri, ntabwo ari vyo bigenewe! Kubera Umwami Yesu, twarahawe akarusho uko tugenda mu bihinduka vy'iyi si. Turi intambwe imbere y'abo mw'isi. Imana yaguhaye ubutoni mu mice yose y'ubuzima bwawe kugira ngo ushobore kurusha abagenda mu mwijima. Iyo wize gushira mu ngiro Ijambo ryiwe, ubutoni bwiwe butagira iherezo buzokuvugira!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ubutoni ntibugenewe kuba ubutungane! Biciye kuri Yesu, mfise ubuntu bwo gushika ku birenze abo bose bari mu gisata c'ubuhinga bwanje. Nta kintu nk'ico co guhiganwa kuri jewe. Aleluya!

KUNONOSORA INYIGISHO

Imigani 3:4-5.

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Imigani 2:10-5:14.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku musi w'Imana, itariki 27 Mukakaro

IBANGO RY'UMWUZUZO

Abaroma 1:16

Ubutumwa bwiza ntibuntera isoni, kuko ni ubushobozi bw'Imana buzanira uwizeye wese agakiza, uhereye ku Muyuduga ukageza ku Mugiriki.

Nk'abakristu, twese twahamagariwe igikorwa c'umwuzuzo; twese twahawe itegeko ryo Kuzana Imishaha mu bwami. Kugira ngo ushobore gukora neza muri ivyo, utegerezwa kwemera bimwe bishitse ubutumwa bwiwe, umuntu wiwe n'ubutumwa bwiwe! Mu murongo uri hejuru, Intumwa Paulo araserura icyumviro gikomeye c'ukwemera; ahagaze ashikamye mu vyo Kristo ari we mu buzima bwiwe, na we nyene akamenyesha ubushizi bw'amanga bwiwe mu kwizera kwiwe.

Namwe nk'abana b'Imana, ntimugire isoni z'Inkuru Nziza ya Yezu Kristu; uyikwiragize aho uzoja hose. Mwatunganijwe n'ubuzima n'impwemu y'Imana nyene. Ni co gituma ari ngombwa gutanga uku kuri ku bandi, ushitsa umuhamagararo wawe mu Mukama. Zana imishaha uyu muni. Niryo bango ryawe.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Nahamagariwe mu gikorwa c'ugusubiza hamwe, kandi ndazana imishaha myinshi. Ndatangaza ko utwigoro twanje two kuyobora abandi kuri Kristo dufata inzira nshasha z'uguterimbere n'umwimbu muri uyu mwaka. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Imigani 11:30

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Imigani 5:15-8:11

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wambere, itariki 28 Mukakaro

RINDA UMUTIMA WAVE

Imigani 4:23

Rinda umutima wawe kurusha uko worinda ikindi kintu cose kuko ariho ubugingo buduburiza.

Ikintu co kurinda umutima kurusha ikindi kintu cose si gishasha kandi si ikintu kitazwi mu buzima rukristo. Ariko gisobanura iki? Gumana nanje .Bibiliya iratwereka ko ivyiyumviro biva mu mutima hanyuma bikerekana kamereremere kavyo n'ukuntu bimeze Igihe wavuka ubwa kabiri wahawe umutima wuzuye urukundo, wuzuye kamereremere k'Imana. Nk'umwana w'Imana, Imana yiteze ko uzigama ukanarinda uwo mutima yaguhaye .

Muri Bibiliya dufise uburorero bwinshi muvuyandiko guhera kuri ba Dawidi gushika kuri ba Salomo aho tubona ingaruka mbi zo kutarinda umutima nkuko Imana yawutanze . Igihe utarinze umutima wawe ubuhaye umugwanizi ngo aze konona ubuzima bwawe. Ntuzw wigere ureka ubwibone, inzigo, ishari, igono n'ibindi ngo bibe mu buzima bwawe , kuko ibi ni uburozi k'umutima wawe, ahubwo ico ukwiye gukora n'ukugumya umutima wawe wejejwe biciye mw'ijambo ry'Imana,. Gumiza umutima wawe wejejwe uraza kubona ukugira neza kw'Imana kwiyerekana ku buzima bwawe uyu musu.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Uwu musu ndarinda umutima wanjye nkoresheje inkanzo y'umuriro. Ibisamaza vy'iyisi ntibishobora kandi ntibizigera binkura mu kwezwwa mw'izina rya Yesu. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Ab'ifilipi 4:8

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Imigani 8:12-11: 11

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa kabiri, itariki 29 Mukakaro

TURI IGIKOGWA C'INTOKE ZIWE

Abanyefeso 2:10

Kuko turi ibiremwa vyayo, twaremewe muri kristo ngo dukore ibikogwa vyiza ivy'Imana yateguye kera ngo tubigenderemwo

Hari ikintu kimenyerewe mu mashirahamwe menshi nuko icyo bakoze ikintu kanaka, nk'imodoka igezweho canke telefone baravyishimira cane nk'igikogwa cabo kandi bakaba biteguriye kwerekana kwaribo babikoze. Uko niko Yesu Kristo akubona nawe. Ariko wewe utandukanye n'imodoka canke telefone kuko uri ikiremwa c'Imana caremwe ata gasembwa, caremwe kidashobora kunanigwa. Ijambo ry'Imana rikwita kuri ikiremwa co hejuru c'amaboko y'Imana.

Imana yagushizeko ikimenyetso cayo bisigura ko Imana itakwitezeko ibintu bisanzwe nk'ingwara, ubukene canke ibindi bintu vyose bifata abantu bo mw'isi kuko yakuremye ubisumba, yakuremanye ubukomezi gusumba ikigwanishwa cose umugwanizi yogerageza kuguterasha. Rero ntuzwizere wizera ko ukwiye kubaho ubuzima busanzwe nkubw'abandi bese. Waremwe atagasembwa uri igikogwa c'intoze z'Imana.

KWATURA KUBUVUGISHWA

Ndi igikogwa c'Imana kitagira agasembwa. Yandemye atagasembwa na kamwe mfise. Ndi igikogwa c'amaboko yiwe kandi ntakunanigwa mu buzima bwanje. Amen

KUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 139:14

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Imigani 11:12 - 13:25



Kuwa gatatu, itariki 30 Mukakaro

IVYIYUMVIRO BIDA HINDAGURIKA

Yakobo 1: 8

Kukwari umuntu w'imitima ibiri adaguza munzira ziwe zose

Aba kristo benshi baratura bakavugaga ibyiza, bakatura inkomezi mumagufa yabo, bakatura intsinzi muvuyo bariko baracamwo bitandukanye n'ibindi. Ariko ibyo bakora n'amajambo bavugaga munyuma bigaca biba bitandukanye n'ibyo batuye. Ntushobora kuba umuntu w'imitima ibiri muvuyerekeye ivy'Imana. Urizera koko ubushobozi yaguhaye yashize muri wewe ? canke ur'umuntu abaho ubuzima bwuzuye ugukekeranya.

Igihe uri umuntu afise imitima ibiri akekeranya, muvundi bibiliya uyu murongo twasomye ivuga ngo uba uri umuntu ntaho mfatwa, uba uri umuntu atizewe, uba uri umuntu w'imitima itandukanye, ibi navyo sivy'ubuzima rukristo. Wategerezwa kugenda ushize amanga wizeye amasezerano y'Imana.

Bibiliya itubwira ngo Imana s'umuntu ngo ibeshe bisobanura ubushobozi bwose yaguhaye muri buno buzima nibwo yaguhaye nyene kuko ntibesha. Ukwirirye rero kubaho uri umuntu w'ivyiyumviro bimwe, w'umutima umwe atagira ugukekeranya na kumwe kuvuyerekeye ivy'ubwami bw'Imana.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Mfise ivyiyumviro bimwe, sinshobora gusamazwa n'ibintu bitandukanye vyino si. Nshize umutima wanjye wose muvuyerekeye ivy'Imana vyose yavuze Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abanyefeso 4:14

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Imigani 14 -16

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 31 Mukakaro

GUTEKEREZA

Zaburi 34: 19

Amarushwa y'umugororotsi ni menshi Uhoraho ayamukiza yose

Iyumvire uri nk'umukinyi mw'ireresi: umara imisi myinshi witegura kugira ushobore gukina uruhande gwawe, ukamara imisi wiga ivyerekeye uruhara gwawe ku musu ku musu kugira ngo iyo reresi izogire amahigwe. Dufate ko mubikwerekeye uza gukina ko ari wewe uza kunesha, ibibazo vyose vyoza kuba muriyo reresi bikaba vyanditse ko wewe ariwe uza kunesha. Uku niko bimeze no mu buzima bwacu bwa misi yose nk'umwana w'Imana ivyandiko bitwereka ko turiko turabaho ubuzima imana yanditse. Mucandiko handitsemwemo ko wewe ariwe utegerezwa kunesha inyuma ya vyose, ntiwiteho ibigeragezo wocamwo ukunesha ni ukwawe.

Wewe kora ibikwerekeye kuruhande gwawe. Wame witegura imisi yose biciye mu kurya ijamba ry'Imana no mu gukora ijamba ry'Imana. Nta ntambara nimwe ifise ubushobozi bwo kukunesha canke kukwica, ikicandiko twasomye kitubwira ko Imana yahejeje kudukiza ibigeragezo vyose wocamwo mu buzima. Muri iyi reresi y'ubuzima biraboneka ko ari wewe uzonesha inyuma ya vyose.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndi uwunesha nka kurya ko mwireresi uko genda nkurikiza ivyanditse binyerekeye ariyo jambo ry'Imana nzonesha ikintu cose kizoba kiri munzira yanje. Amen.

UKUNONOSORA INYIGISHO

1Yohana 5 :4

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Imigani 17-20

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatanu, itariki 1 Myandagaro

INKONI N'AMABUYE

Imigani 18 : 21

Urufu n'ubugingo biri m'ububasha bw'ururimi kandi abarukunda bazorya ivyo gwamye.

Hari ikintu gikomeye abantu bakunze kuvuga ngo inkoni n'amabuye vyovuna amagufa yanje ariko amajambo ntazigera ankomeretsa. Nkuko amajambo y'abantu atokugirako ububasha mu gihe wanse kuyakira, amajambo wivugako wewe ubwawe afise ubushobozi bunini cane kandi afise ingaruka zikomeye k'ubuzima bwawe gusumba uko wovyibaza. Uyu musu ahantu uri uno musu hasa n'amajambo wavuze.

Ijambo ry'Imana rivuga ngo ubuzima n'urufu biri m'ububasha bw'ururimi rwawe, bisobanura ko ikintu cose capfuye mu buzima bwawe urashobora kukizura biciye m'ubushobozi bwo kwatura ariko kandi n'igihushane kirashoboka mugihe uvuze amajambo mabi ku buzima bwawe, uba uhisemwo kugira amahigwe kudashoboka. Uyu muni hitamwo gucagura amajambo uvuga hanyuma ubone imigisha y'Imana isendanisha mu buzima bwawe nkuko utaribwigere ubibona.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Amajambo yanje arakomeye arakarishe gusumba inkota y'ubugi. Biciye m'ubushobozi bw'ururimi rwanje ndazuye ikintu cose capfuye mu buzima bwanje n'abari muruhande rwanje, ibintu bidasanzwe biriko biraba mw'izina rya Yesu.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yakobo 3 : 5-6

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Imigani 21-23

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatandatu, itariki 2 Myandangaro

IBIKORWA HAMWE N'INZIRA

Zaburi 103 : 7

Yamenyesheje mose inzira ziwe, ibikorwa vyawe yabimenyesheje ab'isirayeli.

Hari itandukaniro riri hagati y'inzira hamwe n'ibikorwa vy'imana, mu gihe ca mose ab'ibisirayeli bari bamenyereye kubona ibikorwa bitangaje n'ibitangaza vy'imana barabonye ivyago cumi vyashikiye egiputa, barabonye ikiyaga cigaburamwo kabiri, baramenye ibikorwa vy'imana ariko ntibigeze bamenya ikintu na kimwe kuvyerekeye inzira z'imana nkuko mose yabikoze.

Benshi mumubiri wa kristo uno musu bama biteze gitangaza ariko ntibitwararike gushiraho ubucuti n'imana yo yatanze ico gitangaza, uyu musu igihe winjiye munzu y'imana warukwiye kwitwararika cane kumenya imana ntiwitwararike gusa ivyo ishoboye kugukorera, warukwiye kubaka ubucuti bwimbitse n'umwami kuko igihe witwararitse ubucuti bwimbitse n'umwami imigisha yiwe itegerezwa kugaragara m'ubuzima bwawe. igihe ugumye winjira mw'ijambo ryiwe canke ukagwiza imyanya yawe yo gusenga ukagwiza ubuzima bwo gusenga, uburiko urimenyesha inzira ziwe, uba uriko wugurura umuryango w'ubuntu bugwiriye bw'imana m'ubuzima bwawe.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Kuko nzi ibikorwa n'inzira z'imana, ndavugishijwe urundi rugezo gwo hejuru gw'ubucuti n'imana muruyu mwaka nkuko ntigeze ndabikora, ubuntu bugwiriye buriko buriyongera m'ubuzima bwanje bukomeza kugaragaza ubuzima bwanje Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yakobo 4 : 8

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Imigani 24 : 1, 27 : 10

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku munsu w'Imana, itariki 3 Myandagaro

INJIRA IBWINA

Luka 5:4

Ahejeje kuvuga abarira simoni ati egera mwidamba muterere insenga zanyu murebe.

Ahejeje kwigisha i galilaya yesu yahagaze kungenera z'ikiyaga ci nazaleti aho yabona umugwi w'abarovy, abo barovy yari simoni, petero nabo bari barikumwe bariko boza insenga zabo bahejeje kuroba barushe cane. abo barovy bamaze ijoro ryose betera insenga zabo iruhande yinkengera ariko nta kintu na kimwe bigeze baronka. Mu majamba make yesu yavuze dukuramwo ihishurigwa rikomeye cane, yababwiye ngo terera ibwina canke ngo injira ibwina mushireyo insenga zanyu muraroba.

Igihe petero yumviriza itegeko yaronse amafi menshi cane gushika aho insenga zabo zicagagurika. nk'umwana w'imana ntushobora kwitega umusaruro mu gihe wiyicariye canke urindiririyeye kunkengera, inkengera n'ukuvuga ahantu wiyicariye ataco winona mukamenyero mubisanzwe. ukeneye kuronka ivy'imana itanga vyose muri uno mwaka wo gucagagura iminyororo umviriza itegeko ry'imana ubwawe niri rikurikira « injira ibwina, senga cane ,biba cane , fasha abandi cane ,injira ibwina mu karere kose no mukantu kose kakwerekeye k'ubucuti bwawe n'imana » uzobona imigisha n'ubuntu bwiwe bwiyongera bisendanishiriza munsenga zawe.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndinjira ibwina kuva uyu musu ndiko ndinjira ibwina mu bintu vyose binyerekeye mu bwami bw'imana , nka kurya ifi yinjira ibwina ikibira mukiyaga uyu mwaka niko nanje amahigwe ariko aranzako kubwinshi Amen.

UKUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 42 : 7

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsu : Imigani 27 : 11- 30 : 33

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa mbere, itariki 4 Myandagaro

UMUNYAMAHANGA MU GIHUGU CANJE

1 Petero 2 : 9

Ariko mweho muri ubwoko bwatoranijwe mukoranirijwe kuba abami n'abaherezi, muri ihanga ryera abantu bashiriweho kuba inyegu yiharije kugira ngo mukwize ishimwe ry'iyabahamagaye ibakura mu mwiza ikabashitsa mu mucu wayo utangaje.

Kuba umunyamahanga mu gihugu cawe bisobanura kutifatanya n'ibiba mu karere canke mu gihugu urimwo, bisigura kutifatanya n'imigenzo canke imimenyere yakarere ubayemwo canke igihugu ubayemwo. nubwo ibi umengo bifise uruhande rubi mu mvugo y'isi, nk'umwana w'imana bifise inyungu nyinshi ni ukuri gufise inyungu nyinshi gumana nanje.

Uwu murongo dusomye ukwita urunganwe gwatoranijwe, ihanga ryera, inyegu yiharije. igihe wakira yesu nk'umwami n'umikiza w'ubuzima bwawe ubwo nyene wacye utandukanywa n'ikintu cose cerekeye ino si. ikibazo cose urunganwe gwawe gwocamwo ntabubasha kigufiseko kuko wewe uri urunganwe gwatoranijwe, ibibazo vy'ubutunzi igihugu cocamwo canke izindi ngorane, nk'umu kristo nta bubasha bikwiye kugira kumahigwe yawe kuko wewe uri urunganwe gwatoranijwe kandi ibibazo vy'isi bidafiseko ububasha, uri umwami n'umuherezi uri inyegu yiharije kandi uri umunyamahanga canke injabukira kuvyerekeye ibibazo vy'ino si.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Mba murino si ariko sindi uw'isi , ibibazo isi icamwo s'umugabane wanje , ndi urunganwe gwatoranijwe mbaho hejuru y'ibibazo vy'ino si.Amen

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohana 17 : 16

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Imigani 31 , Umusiguzi 1 : 1- 3 : 8

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa kabiri, itariki 5 Myandagaro

IGIKOGWA CANJE KIZANA INYUNGU

Imigani 14:23

Igikogwa cose gikoranywe umwete kizana inyungu, ariko kuvuga gusa bizana ubukene

Waruzi ko nk'umwana w'Imana ikintu cose ukozeko caterezwa kuzana umusaruro? Simvuze kimwe canke vyinshi ariko ni vyose. Nubwo uku arukuri kw'impwemu aba kristo benshi bagendera mu bukene butagira izina, mungwara, mu kuburanirwa kubera ko bananiwe no gushigikiza amajambo yabo ibikorwa. Mugihe c'Umwaka mushasha abantu benshi barahura bakaganira imyiteguro n'amahangiro bihaye n'ingene bazobikora mu mezi cumi n'abiri aba abar'imbere ariko uyu murongo dusomye utwereka ko kudashira mungiro ivyo mwihaye bigaherera mu majambo gusa arivyo bizana ubukene .

Ijambo *inyungu* ntirikoreshwa gusa muvuyerekeye urudandazwa ariko kandi rifise insobanuro Yindi nk'umusaruro , kwaguka , kuzana umwimbu n'ibindi* .Naho woba uriko uraca mubibazo vy'amashuri vy'umuryango canke vy'urugo, menya ko ikintu cose ukoze caterezwa kuzana umusaruro. Hakana kuba umuntu avuga gusa ivyo azokora utangure kubikora . Imana yarahejeje gutanga Ubuntu kugira ngo waguze, ugasare . shira mu ngiro rero ivyo wihaye vyose hanyuma uzobibona bishika.

KWATURA K'UBUVUGISHWA

Muruno mwaka ikintu cose nkora kizana umusaruro. Ndi umunyamahirwe akomeye. Nzoshigikiza amajambo yanje n'ibikorwa ibikorwa. Ibikogwa vyose nzokora bizoba ibizana umusaruro mw'izina rya Yesu.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yobu 22:28-29

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Umusiguzi 3:9 - 8:17

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatatu, itariki 6 Myandagaro

AMAJAMBO YA DELILA

Abacamanza 16:16

Maze akomeje kumuzigiriza imisi yose amukubakuba abonako yamurambiye yopfuma apfa.

Delila ntiyigeze agerageza samusoni n'umubiri wiwe ahubwo yamugerageresheje amajambo yiwe .Iyi nkuru ya delila iratwerekako ukugeragezwa canke ivyipfuzo vy'umubiri arivyo bikunda gutuma abagabo bananirwa ariko kandi biratwerekako abantu canke umuntu ahisemwo kubana nawe hamwe n'ivyo bavuga ari ikintu gikomeye cane. Samusoni yaratekeye ubushobozi buhambaye cane ariko umuntu umwe yahisemwo kugira umugenzi wiwe amwegereye vyamukuye mu muhamagaro wiwe.

Bibiliya iratwerekako uburorero bwinshi bw'aho amajambo y'ububeshi canke amajambo mabi yakoreshejwe nk'ikigwanishwa, ivyo birakomeye cane kuburyo na satani mw'ijuru yahenze abamalayika akoresheje amajambo gusa ntakindi kintu yigeze akora. Umugambi w'Imana ku buzima bwawe urashobora kugira ikibazo canke ugahagarikwa kubera amajambo wahisemwo kumviriza .Hitamwo gukuraho ibintu vyose bigusamaza vyashobora kugutera ikibazo bikagukura mu muhamagaro wawe. Cagagura umunyororo wose wo gusamara .Muruyu mwaka wo gucagagura iminyororo urafise ububasha bukoresha.

KWATURA K'UBUVUGISHWA

Imana iba muri jwe sinshobora kunanirwa nt'amajambo y'umurwanizi yashobora kunkura mumuhamagaro wanjye ijambo ryose umurwanizi yambohesheje ndarisenyuye mw'Izina rya Yesu Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Korinto 15:33

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Umusiguzi 9 -12; Indirimbo ya Salomo 1-2

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa kane, itariki 7 Myandagaro

ISENGESHO RITANGA UMWIMBU

Luka 11:1

Umusi umwe Yesu yari ahantu ariko arasenga ahejeje umwe mubigisha biwe aramubwira ati Mwami twigishe gusenga nk'uko Yohana yigishije abigishwa biwe .

Intumwa za Yesu bari abayuda bari bafise imigenzo yo gusenga ku minsi kanaka nka yom kipuru canke nk'isabato. Iyo misi ikaba yari yarinjiye mu mibereho n'imigenzo yabo hanyuma igitangaje n'uko babajije Umwami Yesu ingene bosenga. Mur'uyu murongo dusomye, turabona ukuri kw'impwemu kwahishuwe. Gumana nanje.

Bibiliya iratwereka ibihe vyinshi imbere yuko Yesu akora ibitangaza bikomeye mw'isezerano rishasha yabanza kwiherera agasenga ,igihe abariko bamukurikira bamubajije ingene bosenga bariko babaza ingene umuntu aronka umwimbu biciye mu gusenga.

Aba kristo benshi uyu musu kubera kudatahura intumbaro y'ugusenga nico ugusenga gushobora gukora mubuzima bwabo, ugusenga baguhinduye ibintu bisanzwe vyo gusaba ibintu Imana canke gusaba Imana ngo ibakorere ibintu kanaka, ariko ugusenga bijejwe kukubaka, ukoresha gusenga kugira ngo uhindure isi yawe, kugira ngo uce inzira y'ubuzima bwawe kandi kugira ubone umwimbu igihe cose usenze.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Nshigikiwe n'ubushobozi bw'amasengesho arongowe na Mpwemu. Ndatuye ko ikintu cose nza kuvuga uyu musu mw' isengeshoo kiza guhingura ubuzima bwanje bw'ubwami, ubuzima bwanje burahezagiwe, ubuzima bwanje bugira amahirwe mu bintu vyose, Halleluya.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yakobo 5:16

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Indirimbo ya Salomo 3 - 8 , Yesaya 1:1-9

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatanu, itariki 8 Myandagaro

NTA MUNTU NUMWE ARI NYAMWIGENDAKO

Ab'ifilipi 1:7

Nanje birambereye kubiyumvirako gutyo mwese kuko ndabafise mu mutima kuko mungoyi zanje no mu kurwanira ubutumwa bwiza no kubutsimbataza , mwese musangiye nanje Ubuntu bw'Imana.

Hari ikintu gikunzwe kuvugwa ngo nta muntu numwe ari nyamwigendako nta numwe yikwije, umuntu wese ari mu muryango kanaka, umuntu wese afise ahantu ari. Hari ikintu cogutangaza nuko na barya bantu benshi bavugako ko ari abagwizatunga b'igitangaza bakavugako aribo batanguranye ubwo butunzi bafise ico womenya benshi muribo nuko nabo bigiye ku cyumviro c'uwundi muntu canke bavyawe n'abandi bantu. Nk'umugwizatunga Bill Gate se wiwe yari umu miliyoneri akora mu bintu vy'indimo, nyina wiwe nawe yari umudandaza akomeye cane kandi afise n'abandi bagenzi biwe bakomeye abo bagenzi biwe akaba aribo yacye amubwira abagira abagenzi biwe hama bikaba arivyo vyacye bimufasha gutangura inganda ziwe.

Nk'umwana w'Imana umuryango wawe wavukiyemwo ntukwiye gutuma wiyumvira aho wogarukira naho utogarukira, ariko Ubuntu uriko urakira nibwo butuma ahantu ushobora kugarukira. Igihe ukurikiranye inyigisho canke ihishurirwa ry'Umuntu ubwo nyene uba uhejeje kwakira inyungu ubwo Buntu bufise . Ntushobora kunanirwa mu gihe uriko wimatanyaga n'ubuntu bugutuma utera imbere. Ukiye kumenya ko Ubuntu no gutoneshwa ku bwawe kugirango utere imbere Bihari, nturi nyamwigendako ahubwo uri mugihugu kiriko gitera imbere, gitotahaye , gitunze mu buntu bw'Imana, citwa igihugu c'inkuru nziza canke GoodNews Nation.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Sindi nyamwigendako , ahubwo ndi mu muryango wagutse kandi ndi cagutse gitunze. Sinshobora kandi sinzigera nanirwa kubera Ubuntu mfatanije nabwo burakwiye Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohana 1:16

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Yesaya 1:10 - 5:17

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatandatu 9 Myandagaro

NKOMOKA MU MANA

1Yohana 5:13

Ivyo ndabibandikiye mwebwe mwizeye izina ry'Umwana w'Imana kugira ngo mumenye yuko mufise ubugingo budashira.

Ivyigwa birerekana y'uko ibice 5 kubice 10 kw'ijana vy'ingwara zica abantu n'ayandi mabi ashikira abantu usanga ari indwara z'akaronda ziva k'urunganwe rumwe zija ku rundi. Bisigura ngo amaraso mabi arashobora kuba ikibazo ku muntu yayavuyeko imyaka n'iyindi gushika muri kazoza hamwe n'abazomukomakako.

Muri kristo Imana yaguhaye akaryo ko kwinjira canke kuba mu muryango utaboshwe n'iminyororo iboha abandi bakiri mu bwami bw'umwijima .Kumenya uwuri muri kristo biguha ubushobozi butuma ugendera mu buzima bw'amahirwe nkuko Imana yabiguteguriye . Abantu b'ukwizera muri bibiliya nk'intumwa Yohana bari bamenyerereye bino bintu gushika aho inyuma y'imyaka ibihumbi abiga ivya bibiliya n'abizera yohana bamwita ngo ni yohana umumana

.Uko umenya hakiri kare uko Imana yakugize niko iminyororo umurwanizi aba yaragushizeko ikuvako hakiri kare .Uyu muni , hitamwo kubaho muri kuno kuri kutananiirwa yuko wewe ukomoka ku Mana, indwara canke ukuburanirwa ukwariko kose ntabushobozi bufise bwo kugukurikirana canke bwo gukurikirana aya maraso yejeje urimwo.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Nkomoka mu Mana. Ndi mu muryango w'Imana ariwo mubiri wa kristo n'amaraso yejeje kandi atananiirwa .Mbayeho ubuzima bwiza kandi butunganye kuko nizera izina ry'Umwana w'Imana Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Ab'ikorinto 3:18

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yesaya 5:18 - 9:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku munsu w'Imana, itariki 10 Myandagaro

UBUNYENE KANDI BIDATEVYE

Zaburi 24:11

Kuko Uhoraho Imana ari izuba, ari inkunzi, Uhoraho azotanga Ubuntu n'icubahiro ntazogira iciza na kimwe yima abagenda batunganye.

Uyu murongo dusomye uratwerekako ko Imana iha ugutoneshwa n'icubahiro abana bayo kandi ko ata kintu nakimwe ibima, bisigurako Imana ntiri inyuma y'ukunaniwira mu'urudandazwa rwawe canke mu rugo rwawe canke mu mashuri canke mu buzima bwawe. Ikibazo ni kubera iki tubona aba kristo bavuye abakristo bizera ivyandiko vya bibiliya kandi bavyatura ariko ugasanga no mu mvugo zabo bavugako imigisha yabo umwansi yayivye?

Igishobora kugutangaza nuko na satani ubwiye ntabubasha afise bwo gucerezako canke guhagarika imigisha yawe, ikintu cyane ashoboye ni ukukwisha kugira ngo umuhe uruhusha rwo gukora mu buzima bwawe. Wibuke ko Imana yacu nkuru ibamuri wewe, bisobanura ko ata kintu na kimwe gifise ububasha bwo kuyikura muri wewe kiretse ugiyeho uruhusha

Ikintu cose c'intambanyi woba warahuye naco mubuzima, murubu buzima rukutse Imana yaguhaye canke igufitiye urashoboye kukibona kandi ukagikuraho biciye mubushobozi bwa Mpwemu w'Imana abamuri wewe no gukoresha amategeko y'Impwemu ya bibiliya. Nta dayimoni n'imwe ifise ububasha canke ubushobozi bwo guhagarika canke gukuraho ugutoneshwa kw'Imana kuri wewe muri uno mwaka wo gucagagura iminyororo. Nta kintu na kimwe Imana yokwima! Vugako ikintu cose ciza kikuzeko ubu nyene, kikuzeko kandi kidacerewe.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ntamugambi n'umwe w'umurwanizi wohagarika ivyo Imana yanteguriye muri uno mwaka. Sinzigera nemerera umurwanizi ko yonona ikintu nakimwe mubinyerekeye nta ruhusha nzigera ndamuha. Imigisha yanje iranzako ubunyene kandi bidatevye mw'izina rya Yesu Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Ezekiyeli 12:28

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yesaya 9:13 -13:1

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa mbere, itariki 11 Myandagaro

BWAMAZE GUCA

Abanyefeso 4:26-27

Nimwashavura ntibibatere gucumura ngo mugaburire ishavu ryanyu, ntikumakereke ngo izuba rirenge mugishavuye bivemwo ningoga kuko igihe mushavuye muba muhaye satani aho ahonyoza ukuguru.

Ni mwaraka ntibibakoreshe icaha: izuba ntirirenge mukiratse, kandi ntimuhe wa Murwanizi icicaro.

Birababaje cane ariko n'ukuri ko aba kristo benshi usanga bafise mwene ibi bintu vy'ishari canke ibibazo vy'inyifato mu bigumbagumba vyabo hanyuma ntibiyumvire icoba kiriko kirabituma kandi ntibabone n'ukuntu izo nyifato z'ibigumbagumba ziva kuba dayimoni. Ishari ridahagaritswe rirashobora gutosekaza ubuzima bwawe ntiwigere wemera ko ishari rikuyobora ingene utwara ubuzima bwawe. Ni ivyangombwa ko mumenya ubudasa buri hagati yo kunyegeza ishari hamwe nokurireka .Benshii bavuga ngo nta shari bafise ariko ugasanga muribo iryo shari ririko rirabarira indani barinyegeje .Hako woguma ugenda uhoze ushirira indani ufise ishari, ukwiye kwanka ishari n'inzigo ugaha ikibanza amahoro n'umunezero.

Uyu murongo uratwerekako iyo uhayekibanza ishari, igono, ubwibone canke ukudaharira ivyo bintu ukabiha ikibanza mu buzima bwawe birica ubuzima bwawe kandi bikugururira umuryango umurwanizi kugira ngo agukoreshe ivyo utategerezwa gukora muvuyo wariko uracamwo. Ntushobora kureka ishari n'igono ngo bikurongore umusi wose bumaze guca ukwiye kumenya ko ishari ry'ejo ukwiye kurihinduramwo umunezero no gutekana.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Umusi wamaze guca uyumusi sinemerera ko amashari yejo haheze canke yindwi iheze canke y'umwanya uwariwo wose ndayinjirana muwundi musu mushasha mpisemwo ubuzima bwo kunezerwa n'amahoro y'ijuru mw'Izina rya Yesu Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yakobo 1:20

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : 13:17 - 19:10

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa kabiri, itariki 12 Myandagaro

IKIGERERANYO CA TELEVIZIYO

Abikolosayi 2:6-7

Nuko nkuko mwakiriye kristo Yesu nk'umwami wacu mube ariko mugendera muri we mushinze imizi muri we , mwubakwa muri we, mushikamishijwe n'ukwizera nk'uko mwigishijwe murushiriza gushima.

Woba umaze kubona itelevisiyo za kera ingene zari zikozwe? Zitandukanye na televiziyo z'ubu kuko iza kera zaba ziteretse ahantu hama zikagira antene yazo imanitse hanze kugirango ikwege imihora. Mugihe izo antene batazishinze neza ubwiza bwishusho buragabanuka canke bukaba bubi canke ishusho ntiboneke.

Nk'umwana w'Imana nawe ucometswe kuri Data ukwiye kwama uraba ko antene zawe zitumberejwe neza biciye mw'Ijambo ryiwe no kumugambi afitiye ubuzima bwawe. Igihe cose wisanze umenga ntubona iyo uriko uraja canke umenga imbere ntihabona neza raba neza imihora yawe kwitumbereye, mbega uracometswe neza mu buzima bw'ubumana muruyu mwaka wo gucagagura iminyororo? Raba neza ko antene zawe zimeze neza hanyuma witumbereze kugirango umenye neza ko iyerekwa ry'ubuzima bwawe rimeze neza kandi ribona neza mu maso yawe.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Nguma ncometswe mu Mana no mw'iyerekwa ryayo kubuzima bwanje. Sinshobora kutabona iyo ndiko ndaja kuko ama antene yanje atumberejwe neza cane biciye mw'Ijambo ry'Imana , uyu mwaka imihora yanje iratumberejwe neza kandi ndabona umugambi w'Imana kubuzima bwanje kandi umugambi w'Imana kubuzima bwanje uruzuye mw'Izina rya Yesu kritso Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohana 15:1

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Yesaya 19:11 - 24:6

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatatu, itariki 13 Myandagaro

GUHINGURIRWA MURUGANDA RWO KUBABAZWA

Yesaya 48:10

Ehe nagucishije muruganda ariko si nk'ifeza, nakugeragereje m'uruganda rwo kubabazwa.

Igikorwa co guhingura ifeza kugira ngo ziveko ibintu bidakenewe gica mukuzicisha muruganda canke mwitanure rishushe cane rimwo ubushuhe bwinshi kugirango ibintu bidakenewe vyose bive kur'izo feza .Icuma igihe gishuhijwe cane gica kivamwo ubucafu bwose n'ibintu vyose bidakenewe hagaca hasigara ifeza nyakuri .

Kenshi aba kristo barihuta gutakaza ivyizigiro igihe baciye mu bigeragezo vyinshi bitandukanye. Igituma uko kunanirwa kuba mugihe baciye mubibagerageza vyinshi nikubera badatahura neza iyo nzira yo guhingurwa biciye muruganda rw'ibigeragezo. Nka kurya kw'ifeza, igihe utariko uraca mu bibazo canke mu ruganda rw'ibigeragezo ugumana udusembwa ,maze ca gicapo ciza Imana ifise cawewe ntikigaragare. Reka kuba mu bwoba bwo gutinya ibigeragezo kuko nta ntambara ikomeye yoshobora kukugirira nabi, kuko ivyo uriko uracamwo vyose uzobisohokamwo ukomeye kandi umeze neza gusumba uzobisohokamwo wejejwe kandi utunganijwe ijana kw'ijana.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Umwansi agwanira ubusa, ariko aragwana intambara yamaze kuneshwa. Ikintu cose namaze gucamwo campinduye kuba uwuhinguwe , umusuku w'Umwami kandi ahinguwe . Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1Petro 1:6-7

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yesaya 24:7 - 28:22

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa kane, itariki 14 Myandagaro

WIYUMVIRA KO UR'INDE?

Imigani 23:7

Kuko uko yiyumvira mu mutima ariko ameze, araguhimiriza ati nurye nunwe ariko umutima wiwe udafatanijwe nawe.

Nubwo iri ryungane ngo mbe wibaza ko uri inde rikunze gukoreshwa n'abantu mu gusuzugura abanda, igihe bariko baharira canke bavuga imvugo zo guharira , mu buzima bwawe canke mu rugendo rwawe n'a kritso uko wibona birahambaye cane kugira ngo ugaragaze ubuzima bwo hejuru Imana yaguteguriye. Uyu murongo dusomye hejuru utubwira ko uko umuntu yiyumvira mu mutima wiwe ariko ari . Tangura wiyumvire ko ubutunzi ari ubwawe , kugira amahirwe ariwo mugabane wawe , iyumvire ko utoneshejwe cane iyumvire ko ibintu vyose ukeneye mu buzima no kubaha Imana ari ivyawe .Igihe utanguye kuvyizera mu buryo bw'impwemu na kameremere kawe canke ubuzima bwawe busanzwe buzotegerezwa gusa kandi buje mu murongo w'ivyo wizeye mu mpwemu yawe.

Igihe ubayeho ufise ukwemeza kw'ico uri muri kristo nico kristo yakugize, ntushobora guterwa na rimwe n'ibintu twita kwikengera canke gutakaza umutwe kubera ibibazo vy'ubuzima .Igihe kiza umuntu niyakubwira ati mbega wibaza ko urinde uzomwishure ushize amanga ati jewe ndi uwucagagura iminyororo, jewe ndi umuntu agira amahirwe muburere bwose bw'ubuzima bwanje, jewe ndi akanwa k'Imana.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndi uwo Imana ivuga ko ndi kandi ndi uwo Imana yampamagariye kuba , nibona uko kristo ambona, ndi hejuru cane y'umurwanizi n'imigambi yiwe y'ubusa , ndi umu ambassaderi w'Imana isumba vyose. Ukunanirwa ntikuri mu majambo yanje mw'Izina rya Yesu Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abanyefeso 2:10

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Yesaya 28:23 -32 :20

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatanu, itariki 15 Myandagaro

INYIFATO Y'INTARE

Matayo 14:23

Ahejeje gusezera ishengero aduga umusozi gusenga yiherereye bwagorovyeye ariyo ari wenyene gusa.

Nta kinyegezwa kihari ku vyerekeye ubwami bw'ibikoko, intare isanzwe izwi ko iri hejuru ya vyo nk'umwami w'ishamba. Ariko woba waruzi ko intare imara umwanya munini w'umusi isinziriye? Hagati y'amasaha cumi n'atandatu n'amasaha mirongo ibiri y'umusi wayo iba isinziriye iri ahantu iruhutse iriko irarondera ubushobozi bwo guhiga mw'ijoro. Muri uyu murongo dusomye hano hejuru turabona Umwami Yesu yirukanye abigishwa biwe kugirango aje gusenga wenyene. Insiguro yiri sengesho kanaka ica iboneka mu bikorwa vyakurikiye bukeye inyuma yokumara uno mwanya yiherereye niho yagiye gukora igitungaza gikomeye cane gisanzwe kizwi mu vyigwa vya bibiliya nk'igikomeye igihe Umwami Yesu yatambukira ku mazi .

Nk'umukristo ni ivyangombwa cane ko nawe wigana iyi nyifato y'intare. Tahura akamaro ko gufata imyanya kugira ugende wisubizemwo intege wisubizemwo umuriro biciye mu gusenga . Nka kurya intare yegeranya inkomezi zayo iruhutse aya masaha twavuze , urashobora kwegeranya nawe ugahindura ubuzima bwawe biciye mu gusenga . Woshobora kwizera gusa kuno kuri kw'impwemu umusaruro wokurikira wogutangaza wosanga n'ibisika vyose vyakuzibiye wibazako bidashoboka bivuyeho.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Uko nsenga muri Mpwemu Yera uyu muni, ndiko ndisubizamwo umuriro mu gikorwa cose kindi imbere. Ndanse amategako yose y'umurwanizi yambujije gutera imbere mw'izina rya Yesu Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Luka 18:1

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Yesaya 33:1 - 37:29

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itariki 16 Myandagaro

GUCEREZA NTIBIRI MUMIGAMBI

Mariko 10:48

Abantu benshi baramuzimiranya ngo ahore, ariko arushiriza cane gutakamba ati : “Mwana wa Dawidi ngirira imbabazi.”

Kimwe mu bikoresho bikomeye vy’umwansi vyo gukuraho intumbaro y’umukristo ni ukubagirako akosho biciye ku bantu bari hafi yabo. Hari benshi bafise intumbaro nyamukuru yo guhagarika ugukura kwawe mu Mukama canke kuba intambamyi hagati yawe n’umuhezagiro wawe. Bavuga amajambo nka, “Mbega vy’ukuri wemera ibiri muri Bibiliya vyose,” canke ngo “Si vyose bitegerezwa kuba vyerekeye Imana, baho ubuzima bwawe!” ‘Mbega utegerezwa kwama uvuza induru mw’ishengero?’ Mu mumurongo uri hejuru, Impumyizi Bartimeyo yaronse ugukira kwiwe ashingiye ku nyishu yatanze kw’ijambo! No hagati mu bantu benshi bamutuka kubera inuduru yiwe, ntiyacereje!

Abakristo bacereje bapfa mugacerere; mubijanye n’ivy’impwemu guceceka ntivyigera biba inzira nziza yoguhitamwo! Abakristo b’ubu barabura imihesha Imana yababikiye kubera gusa bananiwe kwerekana ko bemera ukuhaba kwayo mu buzima bwabo bivanye n’inyishu batanga. Nka Barutimayo w’impumyizi, iyo Imana igushikirije umuti w’ingorane yawe imbere yawe nyene, ntukigere wemera ngo umuntu numwe agabanye induru yawe!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Si ndi umukristo acereje. Nta na rimwe mpitamwo Guceceka! Ndavuga ububasha bwo guhindura buri mw’ijambo ry’Imana ngo bushire imizi mu buzima bwanje, ndategeka ko ivyiza vyose bizoshika kuri uno musu mw’izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yesaya 55:6.

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c’umunsi: Yesaya 37:30-40:31

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku muni w'Imana, itariki 17 Myandagaro

UKWIHORA NI UKW'IMANA

Abaroma 12:18-19

Namba bishoboka, mu ruhande rwanyu, mwuzure n'abantu bose. Abo Nkunda, ntimwohorane, ariko muhe uburyo ishavu ry'Imana; kuko handitswe ngo: "Uguhora ni ukwanje, ni jewe nzobasubiriza mu nkoko, ni ko Uhoraho avuze."

Nk'umukristo, Imana ishaka ko ubaho ubuzima butagiramwo umubabaro n'uguhagarika umutima, yamara abakristo benshi baracarishira mu gihe c'ishavu n'uguhagarika umutima bitewe nu kwihora ababagiriye nabi. Iyo ugira uruhara mu bikorwa nk'ivyo, uba uriko urikorera igikorwa Imana yahamagaye rwayo! Igikorwa cawe ca mbere kubijanye n'ibigutera ubwoba, ni ukubaho mu mahoro yaguhaye biciye mu rupfu rwiwe n'izuka ryiwe.

Umurongo uri hejuru uvuga ko kwihora ari ukw'Umukama! Igitero cose umwansi arungitse kugutikiza ntigifise ubushobozi bwo kukugirira nabi gusa ahubwo kizokwishurwa n'Imana ubwayo. Kuva uno musu uhitamwo gukuraho inzigo n'uguhagarika umutima vya kera, ubeho mu mpumurizo y'uko Uhoraho azokwihora kuvyo woba waratakaje vyose!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Sinshimika ku vyiyumviro vya kera canke vy'ubu! Ntuye mu mahoro yatanze n'Imana atuma nshobora kuraba abantu ba kera bashobora kuba barakoze nabi nanje. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohani 16:33

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yesaya 41-44

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 18 Myandagaro

IKIRERE C'UYU MUNSI

Mariko 4:38-39

Ariko we yari aryamye mumutwe w'inyuma, yiseguye umusego yisinziriye. Baramukangura, baramubaza bati: “Mwigisha, ntubabaye ko turiko turapfa?” Arikangura, azibiza ingunza, abarira ikiyaga ati: “Hora, utekereze.” Umuyaga uraca, haba agakwekere rwose.

Mu bintu bihindagurika kw'isi, uguhinduka kw'ikirere kuva ku bushuhe gushika ku mbehp, kuva k'umvura gushika kw'izuba bishobora guhinduka mukanya gato cane! Mu buryo nk'ubwo nyene, ivyo bisa n'ivyo duhura navyo mu buzima bwacu. Abakirisu benshi barakora ikosa rikomeye ryo kwitega ko ivyabo bihuye n'urugero rw'umunezero wabo. Bitega ko amahoro azoba umugabane wabo iyo gusa konti ya banki yemeye. Ivyo biri kure y'ukuri.

Nk'uko ljambo rivyerekana, ntaco bitandukaniye n'ivyo wisangamwo, haba imvura canke umuco, ntibikwiye kwigera bihindura amahoro canke umunezero wawe. Hariho amahoro Imana yaguhaye ashobora gutuma utuza mubihuzi bikomeye kuruta ibindi vyose bigukikije. Raba akarorero k'Umukama wacu Yesu, yasinziye mu mahoro vy'ukuri mu gihe c'igihuzi c'umwicanyi! None ikirere kimeze gute mu buzima bwawe uno musi? Ico ari co cose, ntuke ngo kigire ico gikoze ku mahoro yawe!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Sintinya ibiba hirya no hino yanje. Uko ikirere co mu vy'impwemu coba kiri kwose, sintinya imigambi y'umwansi itagira ico ivamwo. Hazoba amahoro mu buzima bwanje mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Habakuki 3:17-18

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yesaya 45-49

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 19 Myandagaro

URUKINO GW'ABASHINWA BON-GORERA

Ivyakozwe n'intumwa 17:11

Arikw'abo bo bar'imico myiza kuruta ab'iTsalonike, kuko bakiriye ijambo ry'Imana n'umutima ukunze, basesa mu vyanditswe uko bukeye, ngo bamenye yukw'ivyo ari'ivy'ukuri

Abashinwa bongorera ni urukino rw'abana aho abakinyi bicara mu murongo canke mumuzingi bagatanga ubutumwa mu kubwirana mugutwi umuntu umwe akaja ku wundi. Igihe ubutumwa bushika ku muntu wa nyuma, akenshi buragoramye mu buryo buteye umunezero kubera amajambo yumviswe nabi canke yahinduwe ukutari ko. Mw'isi yuzuye uburyo butandukanye bwo guhana ivyiyumviro, filozofiya, ivyiyumviro vya tewolojiya, n'ingingo zitandukanye zikundwa cane na bese, biroroshe cane kuronka amakuru yerekeye Ijambo ry'Imana agoramye canke ahinduwe ashingiye ku nzira warironsemwo canke uwarigushikirije!

Kubera ko inyigisho z'ikinyoma ziriko ziratera imbere, iyo utasuzumye ibintu ufungura, urashikirwa n'ibitero vy'umwansi. Umurongo uri hejuru utwerekako Abanyabereya bosuzuma ivyanditswe BURI MUSI kugira ngo barabe ko ivyo Paulo yavuze ari ukuri! Benshi bafata gusoma bibiliya yabo nk'ikintu kigoye cane, bagahitamwo kwizigira amajambo y'umuntu batasuzumye Ijambo ry'Imana. Nuhitemwo gushira imbere kwiga Bibiliya muri iki gihe mu buzima bwawe!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Kuva uno musu, nzorushiriza gukura mu bumenyi bw'Ijambo ry'Imana. Sinzohungabanywa n'inyigisho z'ibinyoma canke amajwi mabi yiyemeje gutuma haba amacakubiri mu buzima bwanje. Ndahezagirwa birenze urugero kubera ivyo! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Timoteyo 3:16-17

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yesaya 50-54

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wagatatu, itariki 20 Myandagaro

ABASERUKIZI BA KRISTO BAGENDA MU BUBASHA

2 Abakorinto 5:20

Ni co gituma tur' intumwa mu gishingo ca Kristo, Imana isa n'ibingingira muri twebge. Turabinginga mu gishingo ca Kristo, mwuzure n'Imana

Woba uzi ko nk'umwana w'Imana, utwaye Mpwemu wayo imbere muri wewe gusa, ariko utwara ikirere c'ljuru aho uja hose? Ivyo bisigura ko, mu muhamagaro uwo ari wo wose yaba ku kazi canke kw'ishure, nturiko urakoresha amategeko nk'ay'abandi bose, ahubwo ni urutonde rutari urw'iyi si, urutonde rw'ljuru! Imwe mu makosa akomeye cane ushobora gukora ni ukwibona ukoresheje amaso isi ikurabamwo aho kwibona uko Imana ibona ko uri!

Nimba uzi neza uruhara rwawe nk'uwuserukira ukubaho kwayo, nk' intumwa ya Kristo, ukwiye kugenda ufise icubahiro. Hariho ukwigenza kujanye n'iryo bango ufise. Utambuke nk'uwufise igitsibo; ibitugu ntibigorame kandi utambukane ugororotse, kuko uvugira Imana! Nta majambo y'ibitutsi akora ku minwa y'intumwa yo mw'ljuru, ishavu ntiri muri kamere yawe, ubusambanyi ntibwumvikana, ahubwo ni ubuzima bw'ubugororotsi n'ubugororotsi. Igihe wemeye Imana mu buzima bwawe, waratandukanijwe n'iki gihugu co kw'isi, uca ugererwa Imana. Uri intumwa y'ljuru, Ijambo ry'Imana ririko rigenda, gendana icubahiro mu musi wawe wuno musi.

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ndi uwuserukira Imana. Iyo abantu babonye ngenda, babona Kristo agenda; ibinyerekeye vyose biramugaragaza! Ntwaye ubumana, rero ngendana icubahiro mw'Izina rya Yesu!

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Petero 2:9.

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yesaya 55:1-60:9.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wakane, itariki 21 Myandagaro

UKUBIBA (GUTANGA) VYAMA BIZANA UMWIMBU.

2 Ab'i Korinto 9:6

**Arikw ico mvuga ngiki, ng' Ubiba nke, azokwimbura bike, ubiba
nyinshi azokwimbura vyinshi**

Umutwe w'igisomwa c'uyu musi woshobora kugutera ubwoba, nk'uko abakirisu benshi kw'isi yose bashobora kwibuka ibihe vyinshi batanga amahera biteze ko bazosubizwa umwimbu w'amahera ariko ntibaronse "ikintu na kimwe." Ariko rero, ivyo si ko biri! Ugutanga kwawe kuzokwama kuzana umwimbu nk'uko Ijambo ry'Imana risezeranye. Ikibazo dusanga mw'ishengero uno musi ni uko abantu kenshi bafatanya imihezagiro n'impera z'amahera gusa biva ku kubiba no gutanga kwabo!

Naho ushobora kuronka iyo mihezagiro kubera ugutanga kwawe, womenya gute ko igihe abirukanywe mu kazi aho ukora izina ryawe ritabwirizwa kuba mu bakurwa mu kazi, canke ko amagara yawe atari akwiye gushikirwa n'ingwara zari ziteye igihugu cawe canke igisagara cawe? Bibiliya itubwira mu Migani 21:18 ko umunyakibi aba incungu y'umugororotsi, bisigura, mu nzira y'ugutanga kwawe, iyo hari ikintu coherejwe gutikiza abagororotsi, Imana izotanga ubuzima bw'abanyakibi mu kibanza cawe! Uyu musi, wige kumenya inzira nyinshi Imana ishobora guhitamwo kugira ngo iguhe impera ku vyo utanga!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ndi uwutanga anezerewe! Ndazi ko iyo mpaye Imana, nshobora kwama niteze igisubizo atari mu vy'amahera gusa, ariko no mu mice yose y'ubuzima bwanje, haba mu buzima, mu mahoro canke ahandi! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Imigani 21:18

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yesaya 60:10-65:25.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wagatanu, itariki 22 Myandagaro

MW'IZINA RY'UHORAHU

Abakolosayi 3:17

Kand' ivyo muzokora vyose, mu majambo no mu bikorwa, muhore mubikora vyose mw izina ry'Umwami Yesu, mushima Imana Data wa twese kubg' uwo

Ni igiki catumye Paulo mu mpera y'ubutame bwiwe avuga amajambo nk'aya ngo narangije urugendo rwanje, nararwanye intambara nziza, yizigiye cane ko yari yararangije umuhamagaro wiwe bwite? Umurongo uri hejuru uraduha ugutahura gutunganye ukuntu yari ameze mu muzirikanyi wiwe. Paulo yakoze vyose mw'izina rya Yesu! Naho ivyo vyoshobora gusa n'iciyumviro coroshe, abakristo benshi ntibama bakorera muri ukwo kuri!

Woba ushobora kuvuga wizigiye yuko ikintu catumye wipfuza ako kazi gashasha ari ukugira ngo ushobore gufasha ubwami? Woba ushobora kuvuga ukuri ko igituma wipfuza iyo modoka nshasha ari ukugira ngo ushobore kuja mu makoraniro menshi y'ishengero? Ni ibintu bingana iki mu buzima bwawe ukora ufise intumbero yo guhimbara Umwami gusa? Iyumvire gusa ivyiza vyinshi woronka iyo umuhebera vyose mu buzima bwawe uno musi! Wikwegerako ubufasha bwo mw'ijuru iyo ukoze vyose mw'izina ry'Umwami Yesu rikomeye!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ivyo nkora vyose ndabigira mw'izina ry'Umwami Yesu. Ubuzima bwanje bwose bushingiye ku guhimbara Imana kandi ndayikengurukira cane ko impa ubuzima uko bukeye. Nzokoresha ubwo buzima nyene kugira ndamuninahaze mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abafilipi 2:9-11

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yesaya 66; Yeremiya 1:1-2:25

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wagatandatu, itariki 23 Myandagaro

NTA NA KIMWE KIBUZE, NTA NA KIMWE KIMENETSE

Abakolosayi 1:13-14

yadukijije ububasha bg'umwiza, atwimurira mu bgami bg'Umwana wiwe akunda. Mur' uwo ni ho dufise ugucungurwa, ni kwo guharirwa ivyaha vyacu

Benshi mu bantu b'Imana baracariko barikorera umuzigo w'amakosa bakoze imbere y'uko bakira Kristo nk'Umwami wabo n'umukiza wabo. Bikorera igihano mu mitima yabo kubera ibintu vyabaye muri kahise kabo. Biyumvira ko ingaruka z'ayo makosa bakoze zigumaho kandi ivyo navyo akaba atari ukuri namba! Wazanywe mu bwami bw'Umwana wiwe mukundwa, ahantu ata kintu na kimwe kibura n'ikintu na kimwe kivunitse, warabohotse ku migambi n'iminyororo y'umwansi!

Kristo yaje gutunganya vyose mu buzima bwawe, ikintu cose cari kibuze nta mahitamwo gifise atari ugukurikiza ububasha Imana yashize imbere muri wewe! Ntushobora kwigera uba umuhombe mu buzima; wavukiye kuba uwunesha gusa. Sohoka uno musu utahura neza ko kahise kawe ataco gahuriyeko na kazoza kawe. Warakijijwe mu mwijima wahora urimwo, Imana ishimiye ku gihe ca kera!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Nta kintu na kimwe kibura canke kivunitse mu buzima bwanje! Narashizwe mu bwami bw'Imana. Iminyororo yose ikimfatanya n'umwansi muri uyu mwaka w'Umuvunyi w'Iminyororo, irasambuka burundu mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Abakorinto 5:17

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yeremiya 2:26-5:19.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku munsu w'Imana, itariki 24 Myandagaro

IBIHIMBARO VY'IVYAHA VYA EGIPUTA

Abaheburayo 11:25-26

Agahitamwo kugirirana nabi n'abantu b'Imana, abirutisha kumara igihe mu bihimbaro vy'ivyaha; kuko yiyumviriye yuko gucokoranwa na Kristo ar' ubutunzi burengeye itunga ryo muri Egipta, kuko yatumbera ingero azogererwa

Inkuru ya Mose kw'isi yose ifatwa nk'imwe mu ngero ziriyoshe cane z'ingene Imana ishobora kwerekana ububasha bwayo biciye ku muntu kugira ngo yiheshe icubahiro. Ico benshi batamenya ni akamaro k'iyi nkuru yo muri Bibiliya, nk'akarorero keza k'ingene iyo uhisemwo kwanka umunezero w'igihe gito w'iyi si, Imana ishobora kugukoresha cane kugira ngo ugirire akamaro ubwami bwayo. Mose imbere y'uko ava muri egipta, yari afise ikibanza c'ubutunzi n'icubahiro kinini cane mu gihugu ca egipta kuko cari kinini, giteye imbere kuruta ibindi vyose kw'isi yose, ari co Misiri ya kera!

Naho ivyo vyose bibaye, Bibiliya ibidondora vyose nk'uguhimbarwa kw'icaha kw'igihe gito. Iyumvire ko ubutunzi butagira Imana ari ubusa! Mose yabona ko guterwa isoni kubera Kristu ari itunga ruruta inzahabu zose, amadiyama, ubukerebutsi bwose bw'ubwubatsi be n'ububasha bwa Misiri. Nk'umukristo reka umunezero w'iyi si w'igihe gito inyuma yawe kugira ngo ubone impembo y'ibihe bidahera Muri Kristo Yesu – ivyo ni vyo bifise agaciro kanini.

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ivyiza vy'iyi si vy'igihe gito si vyo nshimika ku buzima bwanje. Ubutunzi n'icubahiro ntaco bisobanura iyo Imana itarimwo. Rero, ndahanura ko kuva ubu, ubuzima bwanje buzorushiriza kwibanda ku Bwami mw'Izina ya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 12:2.

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yeremiya 5:20-8:22.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wambere, itariki 25 Myandagaro

MUMWUMVIRE IYO AVUGA

Yohana 10:4-5

Kand' iy' amaze guturutsa iziwe zose, azija imbere, zikamukurikira kuko zizi ijwi ryiwe. Arik' uwo zitazi ntizomukurikira na mba, zomuhunga, kuko zitazi amajwi y'abandi

Kimwe mu bushobozi buhambaye cane utegerezwa kugira nk'umwana w'Imana ni ubushobozi bwo gutahura ijwi ry'umunyamahanga n'ijwi ry'umuntu yarungitswe mu buzima bwawe n'Imana ubwayo! Insobanuro Bibiliya itanga isobanuro y'umunyamahanga si umuntu utamenyereye; ni umuntu Imana itigeze ishaka ko mufatana inzira! Ukunaniirwa kw'amamiliyoni y'abakristo kw'isi yose kwama kurondera ibitangaje kugira ngo gusigure ibidasanzwe, yamara Ijambo rivuga neza ko Imana izokoresha ijwi yakurungikiye aho gukoresha umunyamahanga kugira ngo yemeze ubuhanuzi yashize ku buzima bwawe.

Gutahura ijwi ryiwe ni ikintu coroshe! Iyo ushizeho ubucuti n'Umwami Yesu biciye mu gusenga kwawe no mu gihe c'ubusabane na we, urushiriza kumenya ijwi ryiwe. Ingaruka iba nuko ataco bimaze kwumva ijwi ry'umunyamahanga; uzohabwa ubushobozi bwo kumenya no guhunga iryo jwi ry'umunyamahanga. Iga kugerageza ivyo bakubwiye vyose, kuri wewe no ku bijanye nawe, ubigereraniye n'Ijambo ry'Imana ritagira amahinyu ariyo jambo ry'Imana.

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ndazi neza ijwi rya Data. Sinzokwigera mpungabanywa n'abo Imana itigeze intumako. Kuva uno musu, nzogerageza ijambo ryose rivuzwe kuri jewe canke ribwiwe ryerekeye jewe n'Ijambo ry'Imana. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohani 10:27

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yeremiya 9-12

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wakabiri, itariki 26 Myandagaro

VYUBAKITSE (VYAREMWE) UKO NDABISHAKA

Abaheburayo 11:3

Ukwizera ni kwo kutumenyesha yukw isi yaremwe n'ijambo ry'Imana, ni co catumye ibiboneka bitaremwe mu biseruka

Umurongo w'uyu musu uri mu mirongo y'ivyanditswe izwi cane mu rusengero rwa Yesu Kristo yamara benshi baracariko baratahura neza ivyo vyose birimwo. Bitwereka ko kimwe mu bikorwa nyamukuru vy'Ukwemera ari uguhindura ukuri kwawe! Ijambo kwubakikwa (kuremwa) rikomoka mu kigiriki, karatizō risobanura guheza canke gusana, gusubizaho no gutunganya ikintu mu buryo bwaco bukwiye! Nk'abakristo biciye mu Kwemera, murafise ububasha bwo guhindura ubuzima bwanyu kubera ububasha Ijambo ry'Imana ririmwo!

Hariho ikintu umwana w'Imana wese ategerezwa kubamwo, iyo uriko urabaho ubuzima bunyuranye n'ivyo Imana yateguriye abayikurikira, tangura kurema (kwubaka) isi yawe nk'uko uyishaka! Wanka kwihweza uko ibintu vyifashe ubu, warahawe ububasha budahagarikwa bwo guhindura ibintu vyose bigukikije uno musu. Uri umuhinga mu vy'ubwubatsi bw'ubuzima bwawe, tangura guhindura ubuzima bwawe uko uvyipfuzza!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ukwizera nyene kwakoreshejwe mu kwubaka isi n'ibiyikikuje ni kwo kuri jewe. Hamwe n'ubu bushobozi bwo guhindura isi yanje, ndahanura mvugishwa ihinduka rikomeye mu kintu cose kidahuye n'ubugombe bw'Imana butunganye ku buzima bwanje mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaheburayo 11:1

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yeremiya 13:1-16:9.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wagatatu, itariki 27 Myandagaro

NTA KARIMBI MU KURORANIRWA KWANJE

Abafilipi 4. 13: Nshobozwa vyose na Kristo ampa inkomezi

Iyo umaze gushiramwo imbere mu mutima ivyo vyanditswe mw'Ijambo ry'Imana Ni icaha kuba uwunaniwe! Ntibishoboka ko umuntu yishimira kuba umukungu kandi uzi ivyo Imana yaguteguriye vyose. Kimwe mu bibazo vyinshi bituma abantu baguma bafise umunezero w'ibintu bitari vyiza, nuko bama bashaka kwama barondera insiguro y'igituma bari muri ico kibanza bafise mu buzima!

Kuvuga ibintu nk'ibi ngo "Iyo uwo muvukanyi ampa amahera yari amfiteye, sinari kuba ndi muri iki kibanza" canke ngo "Iyo uwo mugore atigera anyiba ayo mahera, ubucuruzi bwanje bwari kuroraniwa." n'ukugusubiza inyuma mu buzima bwo kuroraniwa. Ntushobora kwama uhindura ingene abantu bakora, ariko urashobora guhindura ingene uvyifatamwo mu gihe bibaye.

Imana irafise vyinshi cane ikubikiye, ntaco kandi nta n'umwe ashobora guhagarika ugutera imbere kwawe, nta n'agace k'uguterimbere kwawe!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ndi uwuroraniwa naho vyogenda gute! Sinemeranya n'ingene abandi bagerageje gushiramwo akarimbi hejuru yanje; Nzorengana uturimbi twose uno musi! Imana ihabwe icubahiro. Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 1:3.

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yeremiya 16:10-20:18.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wakane, itariki 28 Myandagaro

NTA KIBANZA NDAMUHA

2 Ab'i Korinto 2:11

Kugira ngo Satani ntaronke ic' adutsindisha, kuko tutayobewe imigabo yiwe

Bishobora kugutangaza kumenya ko Bibiliya ivuga ko shetani ata bubasha na bumwe afise kuri wewe, nta bubasha na bukeya afise! Ububasha bwose asa n'uwufise mu buzima bwawe ni uko wamuhaye ikibanza wo guhindura ivy'iyumviro vyawe. Abakristo benshi muri iki gihe ntibamenya mbere incuro ku musi bamuha uburenganzira bwo kubaganza biciye ku majambo gusa bavuga, n'ukwemera kwabo ibintu Imana itigeze ibagenera.

Nk'akarorero, ni kangahe wategetse indwara ngo ive mu mubiri wawe imbere y'uko urondera umuti? Ni kangahe wategetse ubucuruzi bwawe gutera imbere y'uko uririra abandi ku bijanye n'ingorane zawe? Urabona benewacu, iyo wakiriye inkurikizi za shetani ku mibereho yawe uba uriko ubuza igitangaza cawe gushika. Nimba ibintu bitagenda uko ushaka, vuga Ijambo ry'Imana ubwo nyene. Ntuhe shetani amahirwe yo kukwemeza ko bitazogenda neza. Iyo kumeneka umutwe guteye umubiri wawe, aho kwirukira mu kabati kawe k'imiti, vuga Ijambo kuri uwo mutwe maze ukomeze uvuge gushika biheze.

Kimwe mu vyigwa vy'agaciro cane uzokwigira mu kugendana na Kristo ni ukudaha shetani ikibanza na gato! Tangura ubunyene.

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ndanse guha shetani icumba co gukoreramwo mu buzima bwanje! Yaba mu buzima bwanje, mu muryango wanjye, mu bucuruzi, mu burezi canke ahandi. Ndategeka kandi ntangaza ubutungane mu kintu cose kinjanye n'icanje mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Petero 5:8-9.

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yeremiya 21-24.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wagatanu, itariki 29 Myandagaro

UBUNTU BWONGERA UBUSHOBOZI

Yakobo 4:6

Arikw'itanga ubuntu burushirije. Ni co gituma ivuga at' Imana irwanya abibona, arikw' abicisha bugufi ibaha ubuntu.

Nta canditswe na kimwe muri Bibiliya cemeza icyumviro c'uko ushobora kwongerera amavuta! Ahubwo Ijambo ritwerekana neza ko ushobora guhabwa Ubuntu bwinshi! Iyumvire kano karorero, I resitora ifise ibintu bihagije n'abakozi bo gufasha abakiriya 200 ku musi. Ubucuruzi burahagarara neza kuko bacungera neza itunga ryabo. Ariko none vyogenda gute iyo mw'ijoro rimwe baronka abakiriya 1000 ku musi batari biteze? Hatariho kwagura igikoni, gukoresha abakozi benshi canke kwongera ibikoresho vyabo, ubudandaji bwosenyuka kubera umukazo. Ikibazo si ubwinshi bw'abakiriya, ni ukubura ubushobozi bwo kwakira abo bakiriya 1000.

Muri ubwo buryo nyene abakristo benshi barasaba imihezagiro myinshi yaba iyo mu vy'amahera, iyo mu vy'umwuga, iyo mu migenderanire, badafise ubuntu buhagije bwo kuzigama ivyo basengeraga. Ubuntu bufise akazi ko kwongereza ubushobozi, nk'uko nyene I resitora itegerezwa gukura kugira ngo ishobore kwakira abakiriya bashasha, natwe dukura mu buntu kugira ngo twakire imihezagiro myinshi! Bibiliya itubwira ko Kristo amaze guha urugero rw'ubuntu umukristo wese, ariko wewe ntuguma aho, ruta abandi mu buntu. Iyo ubishikako mu gukura mw'Ijambo. (2 Petero 3:18) atubwira gukura mu buntu. Injira mw'Ijambo ubone ubuntu bwongereza ubushobozi bwawe!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ubushobozi bwanje buragwira biciye mu buntu! Ndi uwuroraniwaga cane mu vyo nkora vyose. N'ubuntu ndashirwaho kubaho ubuzima bw'ubwiza. Sinshobora kwigera nanirwa mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abanyefeso 4:7.

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yeremiya 25-27.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wagatandatu, itariki 30 Myandagaro

KORESHA IMPWEMU YAWE

Abaroma 8:26

Ni ko na Mpwemu adufasha mu ntege nke zacu: kuko tutazi uko dukwiye gusenga, ariko Mpwemu ubgiwe aradusengera, aniha iminiho itovugwa;

Umubiri wawe si wewe nyawe, ukora gusa nk'inzu ubamwo. Uri ikiremwa c'impwemu kandi nta n'umwe abona uwo muntu w'imbere atari Imana! Uburyo bumwe bwo gutuma impwemu yawe ikora ni ububasha bw'indimi! Abakristo benshi bameze nk'abatangura imodoka bakayivako; iyo modoka hari aho ija? Inyishu ni oya! Nkako, iyo utanguje moteri y'imodoka ukayireka ikagenda ataco uhinduye, uba uriko urica buhoro buhoro bateri yayo. Mu buryo nk'ubwo nyene, gukoresha impwemu yawe si ugusenga rimwe gusa ugasubira muvuyo wariko urakora vyose mbere, urabandanya gushika ugukoreshwa kw'impwemu bidashobora guhakanwa!

Mu gukoresha impwemu yawe, uba uriko urarema ikibanza aho umutima wawe ufise ububasha ku mubiri wawe. Uzomenya ko impwemu yawe ubu ikora bimwe bishitse niwabona uko Imana ibona. Ubona abandi bafise amaso y'urukundo n'iminyororo ntishobora guhagarika iyo urukundo rwinjiye mu nzira. Kuva uno musu, tangura gufata ingingo yo kugira ibihe vyo kuvuga ururimi rutamenyekana— ni muri ivyo bihe ukoresha impwemu yawe bimwe bishitse!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Umubiri wanjye ni urusago rwanje nyakuri. Ndi impwemu ikora mu rukundo. Uko nsenga mu ndimi ubu nyene, ndiko ndakoresha impwemu yanje kandi ivyo bituma mpindura isi yanje ngo ibe nziza mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Luka 18:19.

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yeremiya 28:1-31:20.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku musi w'Imana, itariki 31 Myandagaro

UBUZIMA BWANJE BURATANDUKANYE

1 Yohana 5:13

Ivyo ndabibandikiye, mwebge mwizeye izina ry'Umwana w'Imana, kugira ngo mumenye yuko mufise ubugingo budashira.

None ntibibabaje ko abakristo benshi batigishijwe ko mu vy'ukuri bafise ubuzima budahera nk'ikintu gihambaye cane? Benshi barabayeho ubuzima bwabo bwose batazi ko ibi tuvuga ari ubutumwa bw'ukuri buva ku Mana bubwira abana bayo kandi ku bavyumvise, biyumvira ko bujanye n'ubuzima inyuma y'urupfu gusa. Ni kuki umukristo yogwara indwara ya cancer, ni kuki bokwicwa n'ingwara ziri mu mibiri yabo? Umurongo uri hejuru werekana ko Imana yahaye abayizera ubundi bwoko bw'ubuzima, ubuzima budahera! Ubuzima ufise buratandukanye cane n'ubw'abakiri mu bwami bw'umwiza.

Bibiliya itubwira ko nimba Mpwemu w'uwasuye Yesu mu bapfuye aba muri mwebwe, azoha ubuzima n'imibiri yanyu ipfa! Uri ikiremwa gishasha rwose muri Kristo, ntureka ngo bakubeshe ngo wemere ko ibintu nk'ingwara canke ibibazo vy'umubiri ari ikintu gisanzwe mu buzima bw'umuntu, ubuzima bwawe buratandukanye!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ubuzima ntekeye buratandukanye n'ubwo mw'isi! Indwara ntaco zimpaye! Igihe nakira Yesu nk'Umwami n'umukiza wanjye nahawe ubuzima butandukanye. Nca ngendera muri ukwo kuri ubu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 8:11

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yeremiya 31:21-33:26.

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa mbere, itariki 1 Nyakanga

SHIIIIII!

Umusiguzi 5:2

Akanwa kawe ntikagire ico gatuntumukana, kand' umutima wawe woye gushushudikanya kw ijambo na rimwe imbere y'Imana; kukw Imana iri mw ijuru, nawe ukaba kw isi: nuko rer' amajambo yawe abe make.

Hari umugani ukunzwe kuvugwa ngo: "Agacarere ntigashobora gusobanugwa nabi". Igihe uri kumwe n'abantu bakomeye bagaciro, amajambo yawe akwiye kuba make, aharuye kandi afise intumbero. Aburi n'abashizwe hejuru baraha agaciro cane amajambo, kandi bagakunda amajambo make arasa ku ntumbero, kuko ijambo ryose riba rivuzwe rifise uburemere. Mu buryo bw'impwemu, ntaho nyene nta tandukanirwo rihari. LKuvuga amajambo menshi birashobora kugukuramwo ubushobozi bw'impwemu. Bibiliya iratugabisha ko mumajambo menshi hataburamwo gucumbura. Abantu bakomeye bazana impinduka nini kandi bakoresheje amajambo make kuko baratahura ko ubushobozi busohoka biciye mu majambo asohotse. Kugira ngo ugumane ubushobozi n'ijunja, vuga gusa igihe bikenewe kandi vyubaka abariko barakumviriza bikongera bikakwubaka nawewe ubwawe.

Uyu muni, fata cunga amajambo yawe kurya bacunga ubutunzi. Cagagura umunyororo wo kuvuga amajambo adakenewe. Ntupfe kwatagura amajambo adakenewe canke ngo upfe kwishura abantu bagucokoye bese. Igihe uri mu mwanya w'amasengesho canke uriko urakorera kubibazo kanaka, vuga amajambo n'intumbero, wizere ko amajambo yawe ari imiringoti itwara ubushobozi bw'Imana. Banza wiyumvire imbere yo kuvuga, hama wature amajambo yuzuye ukwizera. Imenyereze kwigumya, umenye ko agacerere canke ukwinumira bishobora kuba ubushobozi gusumba kuvuga kandi kuvuza induru.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndatuye kandi ndemeje ko amajambo yanje aharuwe, afise intumbero kandi aherekezwa n'ubushobozi bw'Imana. Ijambo ryanje risohora ubushobozi, rikugurura imiryango, kandi rikazana impinduka yinshi. Ndanse gutakaza ubushobozi mu mvugo zidakenewe. Amajambo yanje arakarishe kandi azana impinduka.

KUNONOSORA INYIGISHO

Imigani 10:19

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yeremiya 34-36

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa kabiri, itariki 2 Nyakanga

CAGAGURA IMINYORORO Y'IBISANZWE

Mariko 7:13

.....Ijambo ry'Imana mukaritituzza imigenzo yanyu mwigishije: kandi mukora n'ibindi vyinshi ben' ivyo.

Wavyawe n'Ijambo ritabora, ari ryo Jambo ryiza ry'Imana (1Petero 1:23). Impwemu y'ubwiza iba muri wewe kandi waremwe mw'ishusho y'Imana itunganye kandi itagira akarimbi. Yamara ukwimenyereza ibisanzwe kw'iyi si kuba gushaka guhungabanya ako kameremere k'Imana, bigatuma Imana iri muri wewe itagaragara. Ukwimenyereza ibisanzwe ni ikintu cica bukebuke, kigatuma ubushobozi burema buhinduka impfa gusa, kandi kigatuma abantu badasanzwe bakunda ibintu bisanzwe. Imigenzo, ibibanza vy'impumurizo, n'ivyiyumviro bitobito bituma ububasha bw'Ijambo ry'Imana mu buzima bwawe buhungabana. Iyo wakiriye canke wimenyereje ibintu bisanzwe, uba utakaje ubuninahazwa bwiza ari bwo burenganzira bwawe wavukanye muri Kristo!

Anka kuba umuntu asanzwe! Menya ko kwimenyereza ibisanzwe ari umunyororo urondera kukugumiza uboshe mu ntango y'abantu basanzwe. Ibikwerekeye vyose, amajambo yawe, ivyipfuzo vyawe, ivyipfuzo vyawe n'ivyiyumviro vyawe, vyari vyagenewe gutanga umuco w'ubuzima bwiza cane. Ufise ubwenge bwa Kristo, kandi Ijambo rigutegeka kwibanda ku bintu vyiza cane (Abafilipi 4:8). Duza urugero rwawe. Vuga, wiyumvire, ukore n'ubuninahazwa bw'Umuremyi wawe!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndategeka kandi ndamenyesha ko ntagendera mu bintu bisanzwe! Impwemu y'Ubwiza muri jewe ntishobora kugabanywa. Ndiyambuye inzitizi, ngendera m'ukunengesera kwa kamere yanje y'ubumana! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abafilipi 4:8

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Yeremiya 37:1-41:10

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatatu, itariki 3 Nyakanga

HAGURUKA KANDI UTUME ABAMI BAKUZAKO

Yesaya 60:3

Amahanga azoza ku muco wawe, n'abami bazoza ku gukayangana kwawe.

Ubwira buraruta gukora cane; ni utwigoro tw'ubwenge, tudahinduka twibanda ku gukora neza cane. Ni ubwiza butandukanya abarwana mu mw'ijima n'abaduga mu rwego rwo hejuru. Ijambo rivuga ko abami, abantu bakomeye kandi b'abanyabubasha, bazoza mu guhaguruka kwawe. Ariko kugira ivyo bishoboke, utegerezwa kubanza guhaguruka! Ugushirwa hejuru kwawe ni isumako ikwega ubukuru. Abanebwe, abadahuye n'ivyo bavuga, n'abashaka kwiregura baguma mu bitutu, ariko abanyamwete bahagarara mu nzira y'akaryo.

Uyu ni umwaka wawe wo guhaguruka! Anka gufatwa n'iminyororo y'ubwoba, ubunabwira, amakenga canke ivyiyumviro. Shira hejuru ubuhinga bwawe, duza ubumenyi bwawe, utyoze ubuhinga bwawe, kandi wubake ubucuruzi bwawe mu buryo bwiza cane. Nimba bisabwa kwiga, nubishiremwemo amahera. Niba hari imitwe canke ingamba nshasha zikenewe, nuzishire mu ngiro. Ivyo vyose bigusaba kugira ngo uvuye, HAGURUKA! Urugero rwawe rukurikira rurakurindiraye, kandi ruzanana n'abantu hamwe n'ibintu imana iba yaguteguriye, ugutoneshwa, n'ugushika ku bami!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndategeka kandi ndamenyesha ko ata karimbi mfise! Abami barakwegwagwaga n'umuco w'uguhaguruka kwanje. Nkora mu bwenge bw'Imana, mu mwete no mu buhinga bwiza cane, kandi ubudandaji bwanje buratera imbere birenze urugero! Mw' Izina rya Yesu, abakiriya barakwegwaga mu rudandazwa rwanje, barondera ikirere c'ubuhinga bwanje, ubukerebutsi bwanje n'ibintu vyanje! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Imigani 22:29

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yeremiya 41:11-45:5

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa kane, itariki 4 Nyakanga

TUMBEREZA UBUSHOBOZI BWawe

1 Ab'i Korinto 14:4

Uwuvuga ururimi rutamenyekana ariyubaka, ariko uwuvugishwa n'Imana yubaka ishengero.

Umuyagankuba uca mu ntsinga z'amata, ugatanga inguvu mu ngo no mu bikorwa vy'ubudandaji. Ariko rero, kugira ngo ubwo bubasha bube ngirakamaro, butegerezwa gutumberezwa, bukeneye aho bafyonda(enteributeri), intsinga, n'imirongo kugira ngo buje aho bukenewe. Inzu yoshobora kuba ifise umuyagankuba, ariko kiretse ufyonze kuri enteributeri y'umuyagankuba, amata araguma azimye. Ububasha burahari, ariko butegerezwa gutumberezwa kugira ngo buvemwo ivyo ukeneye.

Iyo ngingo ngenderwako nyene irakora igihe usenga mu zindi ndimi. Kuvuga mu ndimi zitamenyekana bizana ubushobozi bwo mu vy'impwemu bwibereye ngaho, ariko kugira ngo bube ngirakamaro, utegerezwa kubutumbereza. Bibiliya ivuga ngo "Uhuze umutima wanjye" bisobanura kwibanda ku kintu. Iyindi mpinduro ivuga iti: "Mpa ubwenge butacitsemw ibice." Umushaha wawe woshobora kugendagenda uko uriko urasenga, ukaja ku rutonde rw'ivyo ugomba gukora, ku biyago vyawe vya kera canke ku bintu bishobora kukusamaza ata co bimaze. Ariko nk'uko nyene intsinga zijana umuyagankuba ku kibanza kinaka, nawe utegerezwa gusubira gushiramwo ivyiyumviro vyawe ku co uriko urasengera. Iyumvire ububasha butemba mu mubiri wawe, bukazana ugukira ukeneye. Nimba ukeneye gutera imbere mu buryo budasanzwe, niwiyumvire iyo nzitizi iriko iramenagurwa. Nimba ari abaguzi(abakiriya), ubone bari ku murongo w'ibidandazwa vyawe. Ntushireho ubushobozi gusa, burungike neza aho bukenewe!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndategeka kandi ndamenyesha ko igihe cose nsenga mu ndimi, ububasha burarekurwa kandi bugaca buja ku munyororo wose! Ubwenge bwanjye buri hamwe, umutima wanjye uri hamwe, kandi nta bushobozi bupfuye muri jewe! Ndatumbereza ubushobozi budasanzwe mu kintu cose mw'izina rya Yesu rikomeye! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 86:11

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yeremiya 46-48

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatanu, itariki rya 5 Nyakanga

UBUTUMIRE BW'IMANA

2 Petero 3:9

Umwami Imana, ntigomba ko hagira abahona, arikw igomba ko bose bihana.

Ubuja bubi cane umuntu ashobora gushikirwamwo ni ukuzimira ata gakiza aronse. Icaha gifata abantu inyagano, kikabahuma amaso ngo ntibabone ukuri, kikabagumiza baboshwe kugira ngo batikire. Yamara, icipfuzo gikomeye c'Imana ni uko widegemvya, ukaba mu muryango wayo, kandi ukaba kumwe na Yo ibihe vyose. Bibiliya iravuga iti: "Imana yerekanye urukundo rwayo kuri twebwe, kuko Kristo yadupfiriye tukiri abanyavyaha." (Abaroma 5:8). Ivyo bisigura ko vyose vyari bikenewe kugira ngo ugororoke imbere y'Imana vyamaze gukorwa. Igisigaye ni uko wovyizera!

Ntureke ngo hagire ikintu na kimwe kikubaza gufata ingingo ihambaye kuruta izindi zose mu buzima bwawe. Anka kuguma uboshe! Urugi rw'agakiza ruruguruye, kandi Yesu We nyene ariko araguhamagara. Senga iri sengesho n'ukwizera:

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Mwami Imana, ndaje iwawe mw'Izina rya Yesu Kristo. Ndizera n'umutima wanje wose Yesu Kristo, Umwana w'Imana nzima. Ndizera ko yampfiriye, Imana ikamuzura mu bapfuye. Ndizera ko ari muzima uno musi kandi ko ashaka ko mbana na we mw'Ijuru. Ndatura n'akanwa kanje ko Yesu Kristo ari we Mwami w'ubuzima bwanje kuva uyu musi. Urakoze Mwami, kuko wakijije ubugingo bwanje! Ubu ndi umwana w'Imana. Haleluya!

KUNONOSORA INYIGISHO

Yohana 3:16-17

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yeremiya 49:1-51:10

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatandatu, itariki 6 Nyakanga

NTIBIZOSUBIRA KANDI

Yohana 8:36

Umwana ni yabaha kwidegemvya, muzoba abidegemvya nyakuri.

Iri ryungane ngo “Ntibizosubira kandi!” rirafise insobanuro ikomeye cane muri kahise k’Abayuda. Bamaze kwihanganira ibiteye ubwoba vy’lhonyabwoko, igisata c’Abayuda caratangaje yuko mwene ukwo guhahazwa no gutikizwa bitazosubira kwemererwa kubaho. Si amajambo gusa, yari indagano, umwiyemezo uhoraho wo kuguma bidegemvya. Ivyo na vyo nyene bikwiye kuba itangazo ryacu iyo iminyororo icagaguritse mu buzima bwacu.

Muri uyu mwaka wo gucagagura iminyororo, benshi barabohowe, babohoka indwara, babohoka intambara z’amafranga, babohoka imigenderanire mibi, babohoka ubwoba n’agahahazo. Ariko umwidegemvyo si ikintu kiba rimwe gusa; ni ivyo kuzirikana, ni ivyiyumviro vya misi yose. Utegerezwa gutangaza uti: Sinzosubira kurwana n’ukubura! Nta ndwara izosubira kuganza umubiri wanjye! Sinzosubira kubohwa n’ubwoba, kwankwa canke kunanirwa! Gira kuba gwawe urya murongo uvuga ngo “Ingorane ntizozza ubwa kabiri.” (Nahumu 1:9). Wanke gusubira kuzitirwa n’ubwoko ubwo ari bwo bwose bw’agahahazo. Iminyororo yawe iracitse. Ubu rero ko widegemvya, guma widegemvya!

UKWATURA K’UBUVUGISHWA

Ndategeka kandi ndamenyesha ko amavuta ya “ NTIBIZOSUBIRA KANDI” ari ku buzima bwanje! Sinzosubira kubohwa n’ubwoba, indwara, ukuburanirwa canke imigenderanire mibi. Iminyororo yanje iracitse, sinzokwigera nsubira mu buja. Amagorwa ntazovyuka ubwa kabiri mu buzima bwanje! Ngenda mu mwidegemvyo wuzuye, kuko uwo Umwana abohoye aba uwidegemvya vy’ukuri! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Ab’igalatiya 5:1

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c’umunsi: Yeremiya 51:11-52:34

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku munsu w'Imana, itariki 7 Nyakanga

RONGORA UBUZIMA BWawe N'AMA-JAMBO Yawe

Yakobo 3:4

Kandi raba, n'amato naho yoba maninimanini ate, agakubebga n'umuyaga uhuhuta cane, ingafe nah' ari ntonto cane ni zo ziyerekeza, ah' abayatumbereza bagomba.

Ubwato bunini cane, naho bwoba bukomeye gute, ntaco buvugana n'imiyaga canke n'imipfunda kiretse iyo burongowe n'umurongo wabwo. Ako gace k'icuma canke k'igiti gatoyi ni ko gatuma ubwato bushika aho buja canke bugwa mu nzira. Ururimi rwawe ni rwo rugendo! Ni rwo ukoresha mu kugendera mu nzira y'ubuzima bwawe. Amajambo yawe ni yo aguha ubuyobozi. Nk'uko Imana yavuze ko isi n'ijuru bibaho, amajambo yawe, iyo avuzwe n'ukwizera, arafise ububasha bwo guhingura kazoza kawe.

Niba wipfuza intsinzi, yature. Niba ukeneye gukira, bivuge. Niwaba urondera ibigutunga, ubihamagare. Amajambo yawe ntiwibaze ko ataco akora; ni inguvu z'impwemu zikurongora mu ntumbero y'ubuzima. Anka kuvuga ubwoba, ukuburanirwa canke ukunaniirwa. Ahubwo, nushire umutima ku kuntu ivyawe vyifashe mu guhuza ukwatura kwawe hamwe n'Ijambo ry'Imana. Uko ni ko urema kazoza katagira inzitizi, ukagendera mu buzima udomako kandi ata gukeka!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndategeka kandi ndatangaza ko: Ururimi rwanje ari umugozi ukomeye, ruyobora ubuzima bwanje ku ntsinzi! Ndavuga ugukira, uguterimbere, n'amahirwe mu nzira yanje. Nta gihuhusi gishobora kunkura mu nzira, kuko amajambo yanje ahuye n'Ijambo ry'Imana. Kazoza kanje karahezagiwe, karatekanye, kandi kuzuye ugutoneshwa n'Imana! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaheburayo 11:3

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Gucura intimba 1:1-3:51

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa mbere, itariki 8 Nyakanga

UMUTEGO W'IKIGANZA KITAREKURA

2 Ab'i Korinto 9:6

Arikw ico mvuga ngiki, ng' Ubiba nke, azokwimbura bike, ubiba nyinshi azokwimbura vyinshi.

Abahigi bo mu bice bimwebimwe vyo kw'isi barakoresha uburyo bworoshe ariko bukora neza kugira ngo bafate inkende. Bashira igice c'ibifungurwa mu gasorori gatoyi gafise intoboro nini gusa ku buryo ukuboko kw'inkende gushobora gucamwo. Iyo inkende imaze gufata ivyo biryo, igipfunsi cayo gifatanye kiba kinini cane ku buryo kitashobora gusubira gusohoka. Umwidegemvyo ni ikibazo co kurekura gusa, ariko inkende iranka, ifashwe n'ukudashaka kwayo kurekura ivyo biri mu kuboko kwayo. Abakristu benshi babaho gutyo, bafata cane ivyo bafise, bagatinya kubirekura.

Bibiliya iratomora neza ko ukuboko kw'Imana gufunguye kugira ngo kuduhezagire (Zaburi 145:16). Ko twaremwe mw'ishusho yiwe, natwe nyene dutegerezwa kwiga gufungura ibiganza vyacu. Ugutanga ni urufunguruzo rwo kugira umusesekara. Uko turushiriza kurekura, ni ko turushiriza kurema umwanya w'ivyo Imana iduha. Hunga umutego w'ubugumyi! Niwizere ko uko utanga ku buntu, wifatanya n'uruja n'uruza rw'ijuru, bikakubohora ubukene kandi bikakurekurira imihezagiro irengeye urugero.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndategeka kandi ndamenyesha ko: Ndi umutanzi anezerewe, kandi amaboko yanje arafunguye kugira ngo ndekure kandi nshobore kwakira! Ndava mu mutego w'ubugumyi nkaja mu musesekara udasanze. Uko mbiba n'umutima ukunze, nimbura n'umutima mwiza, kandi ubuzima bwanje buraseseka imihezagiro y'Imana!

KUNONOSORA INYIGISHO

Imigani 11:24-25

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Gucura intimba 3:52-5:22; Ezekiyeli 1-2

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa kabiri, itariki 9 Nyakanga

UBUZIMA BW'IMBITSE BURABANDANYA

2 Ab'i Korinto 5:21

Umwe atigeze kumenya icaha, Imana yamuhinduye icaha kubwacu; kugira ngo duhinduke ukugororoka kw'Imana muri we.

Igihe numva neza ijwi ry'Imana mu myaka mikeyi iheze ko twinjiye mu gice c'ubuzima bw'imbitse cane, ntivyari biteye amakenga. Ntushobora gutangura kuja ibwina cane n'Imana hanyuma ngo uce utangura inzira isubira inyuma. Uko urushiriza kujana na we ibwina, niko urushiriza gutahura ko ukeneye vyinshi kuri we. Mugihe udatahura igitinyiro c'Imana ntuzotahura ukugororoka ico ari co. Gushika aho umurongo w'ugutinya Imana ubaye ubuzima bwawe, ukugororoka kwa Kristo wakiriye ntikuzoronka ingene kugaragara kwuzuye mu buzima bwawe.

Niwaba wipfuzaga kubona ubuntu bw'Imana, ibitangaza, ibimenyetso n'utwumiza vyinshi, witegure kuja ibwina cane mu buzima bwawe bwo gusenga, mu kwiga Ijambo no mu busabane n'Imana. Muri uyu mwaka wo gucagagura iminyororo, ibisamaza vyashobora kugerageza kugukwegera kure, ariko ntukigere wibagira kurondera Uwuguha vyose, Yesu Kristo! Reka inzara umufitiye irute ugukurikirana canke uguhamira inyungu zivy'isi, uzobaho mu kugaragara kw'ubwiza bwiwe n'urukundo rwiwe biguma vyiyongera mubuzima bwawe.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Nahamagariwe kuva mu mw'ijima ngo mbe inyenyeri ikayangana kw'isi. Ndabaho ubuzima bweguriwe Imana kandi sinzokwigera mfata ukubaho kwayo canke ibintu vy'Imana nk'ikintu gisanze. Ndi icondi cose kubwa Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Petero 2:24

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi : Ezekiyeli 3-8

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatatu, itariki 10 Nyakanga

ISHIKANWA RYANSWE

Itanguriro 4:5

ariko ntiyashima Kayini n'ishikanwa ryiwe. Maze Kayini arashavura cane, mu maso hiwe harijirwa.

Ijambo ry'igiheburayo ryakoreshejwe muriki canditswe dusomye risobanura “gushima” ni shâ'âh, risobanura kuraba, kwitegereza canke gusuzuma neza. Bisobanura gusuzuma no kwiyumvira. Ivyanditswe bitubwira ko Imana itashimye ishikanwa rya Kayini, mu yandi majambo, ishikanwa ryiwe ryaranswe. Ico ni icigwa gikomeye ku bakiristo bose: si amashikanwa yose yemerwa n'Imana.

Ishikanwa rya Kayini ryarerekanye agaciro yari afise ku bijanye n'ubucuti yari afitaniye n'Imana. Ingene wubaha kandi ugaha agaciro Umuremyi wawe, vyerekanwa n'ugutanga kwawe. Abakristo benshi baratanga kubera ko bumva kwarivyo bibereye canke bagashikanira Imana amasigarira ku bintu vyabo, bakayifata nk'aho umenga yoba yihebuye iraza kwakira ikintu cose bazana. Iri ni ikosa! Ugutanga kwawe kwerekana umutima wawe, ifoto y'ukwizera kwawe, n'ingero y'icubahiro ufitiye Imana. Nimugire intumbero ku bijanye n'ugutanga kwanyu. Nibikorwe mu gitinyiro c'Imana hamwe n'icubahiro cayo, umunezero, n'ukwizera, n'ubuzima bwawe bwose. Uyu ni Umwaka wawe wo gucagagura iminyororo. Tanga nk'uwuzi ko ugutera imbere kwawe kwashitse!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndi umutanzi akarishe mu bwami bw'Imana. Ugutanga kwanje gutuma ijuru rikora vyihuse ku binyerekeye. Sinsubira inyuma! Uko ntanga, ndazi ko Imana igwiza imbuto zanje ikarugarukana incuro ijana. Haleluya!

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Yohana 3:12

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ezekiyeli 9-12

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa kane, itariki 11 Nyakanga

IBIMENYETSO BIMEZE NK'UBUPFUMU

Kuvayo 7:12

Umntu wese muri bo aterera inkoni yiwe hasi, iba inzoka; maz' inkoni ya Aroni imira izabo.

Haciye imyaka mikeyi, igihe nari nkiri muto, hari umupfumu yatumiwe kw'ishure ryacu kugira ngo baje gukina. Ishure ryose ryakoraniye mu kirasi rishaka kumenya amayeri yokora. Maze, bukwi na bukwi, ahamagara mushikanje ari muri iyo nkuru, akora ubukonikoni bw'ubupfumu aho yasa n'uwuriko aramuzungurukisha mu kirere. Uwo mupfumu mbere yaracyiye impeta nini ku mubiri wiwe kugira ngo "yerekane" ko ata mirongo ifatanye. Inyuma y'ico kintu, twabajije mushikanje ivyo yacyiyemwo. Yarahishuye ko ibiganza vyiwe vyari biboshe n'iminyororo itaboneka, imumanitse mu kirere, iminyororo itaboneka n'ijisho ry'umuntu! Uwo mupfumu yari yarakoresheje ububasha bw'amadayimoni kugira ngo abeshe abariko baramwumviriza ngo afise ubushobozi bwo gutuma abantu bareremba mukirere.

Tahura ko ibikorwa vy'amadayimoni bishobora kugira ingaruka zikomeye iyo uvyishimiye. Ariko ndategeka ko umunyororo wose utaboneka uboshe ubutunzi bwawe, iterambere ryawe n'iyerekwa ryawe canke imigambi yawe ucika n'umuriro. Uyu ni Umwaka wawe wo gucagagura iminyororo, amahera yawe ari hano ubu! Vyakire!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndi Umucagaguzi w'iminyororo kandi ndi uwurenga uturimbiri! Nta mayeri y'amadayimoni azogenzura ubuzima bwanje canke umuryango wanjye. Ndidegemvya vy'ukuri, mw'izina rya Yesu rifise ububasha. Imana Ishimwe! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Ivyakozwe n'Intumwa 13:8-10

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ezekiyeli 13:1-16:43

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatanu, itariki 12 Nyakanga

UKURI KW'INYAKURWA

Matayo 24:31

Azotuma abamarayika biwe n'ijwi rirenga ry'inzamba, bakoranye abatoranijwe biwe, bave mu birere bine, guhera iy' ijuru ritangurira kugeza iyo riherera.

Biroroshe kwibagira ko turi mu gihe ca nyuma c'ubuntu, iherezo ry'iherezo. Ijambo ry'ikigiriki eschatos, aho turonka “eschatology” (ukwiga ibihe vy'iherezo), rivyerekana neza: ukunyakurwa kuri hafi! Mbere n'abakristo bamwebamwe bizera Bibiliya, bavuga mu ndimi zitamenyekana, buzuye Mpwemu Yera, baracika intege iyo bumvise ko inzamba iri hafi yo kunyakurwa kw'ishengero. Mu mutima wabo, biyumvira bati: Mwami, duhe umwanya mwinshi! Bashaka kwubaka (kurongora no kurongorwa), kuvyara abana, gukora ingendo no gushika ku migambi yabo bwite. Ariko wibuke, ivyo nyene nivy vyabaye mu misi ya Nowa, abantu bariko bararya, banywa, bongera barongora, gushika aho umwuzure uza!

Imana ntiyarindiriye ngo baheze imigambi yabo. Igihe cashinzwe kigeze, ubwato bwaringiye, umwuzure uratikiza isi. Muri ubwo buryo nyene, ukuduzwa canke ukunyakurwa kuzoza nk'igisuma mw'ijoro. Ariko rero, ku mukristo, ntibizoba ari ibintu atiteze. Ntituri mu mw'ijima! Tubwirizwa kuba twiteguye ibihe vyose, turi maso kandi turindiriye Umwami wacu agiye kuza vuba.

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Nditeguriye kunyakurwa! Ukugaruka kw'Umwami wanjye kuzoba umusi w'ubwiza kuri jewe. Nzoba ndi mu bagenda mundege ya mbere kumusi wo kunyakurwa mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Ivyahishuriwe 11:15

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ezekiyeli 16:44-20:17

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa gatandatu, itariki 13 Nyakanga

MW' ISOKO

Ivyakozwe n'intumwa 16:19

Maze ba shebuja babonye yukw ico bazigakw inyungu kivuyeho, bafata Paulo na Silasi, barabakwega babajana mw'isoko imbere y'abashingantahe

Inkuru ya Paulo na Silasi ni iyibigeragezo n'intsinzi, n'uburindutsi mu gihe c'ingorane. Barafashwe, ariko aho kubajana mu rubanza kugira ngo bacirwe urubanza, barabakurura babajana mw'isoko! Aho ntihari ahantu hategekanijwe n'amategeko ho guca imanza, hari ahantu h'ubudandaji n'ivyashara. None ivyo bihishura iki? Satani arondera gucuruza ubugingo canke imishaha y'abantu! Intumbero y'umwansi ni ugushira abantu ku giciro c'ibintu kugira ngo abagurisha n'amadayimoni.

Ariko si wewe! Ntube nk'uwutazi imigambi yiwe. Ufise ububasha bwo kuganza umugambi wose wa Satani n'ingabo ziwe. Koresha ububasha ku mayeri yose canke ubugunge bw'amadayimoni agerageza kugwanya amahoro yawe, amagara yawe canke ashaka ko unanirwa mubuzima. Menyesha n'ubushizi bw'amanga ko utazoba umuhombe! Shira ikidodo c'ububasha bwawe kuri iyo ndwara idahera, iyo mpwemu y'ishavu itera ubwoba urugo rwawe, no kudatera imbere kwose mu buzima bwawe. Uyu ni Umwaka wawe wo gucagagura iminyororo, anka gucuruzwa mw'isoko rya Satani!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Ndanse kuba ikidandazwa c'amadayimoni! Ndafise ububasha buva mw'ijuru, kandi ngendera mu ntsinzi. Sinzoba uwuhoterwa n'imigambi y'umwansi, uyu mwaka canke n'iyindi! Imana ishimwe! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Ivyakozwe n'Intumwa 25:7

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ezekiyeli 20:18-22:12

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku munsu w'Imana, itariki 14 Nyakanga

UWAKUWEKO IMINYORORO

Mariko 5:4

kuko bamubohesheje iminyororo ku maguru no ku maboko kenshi, iy' amaboko akayicagagura, iy' amaguru akayivutagura: ntihagira umuntu afise inkomezi zomutururuza.

Uwo muntu yari afise amadayimoni muri iki gisomwa yari abohesheje iminyororo n'abantu b'inkomezi bagerageza kumuganza, yamara rero igihe cose yarayicagagura! Nta nkomezi z'umuntu zari zishobora kumufata kubera ko hari inguvu zo muburyo bw'impwemu zariko ziramukoresha kandi zikaganzura ibikorwa vyiwe. Ico abo bari kumwe na we batamenye ni uko ivyo atari ikibazo co mu mutwe canke co ku mubiri gusa, ivyo vyari ugufatwa n'amadayimoni.

Ku murongo wa 5, Yesu yaraganiriye n'ikintu nyakuri cari muri uwo mugabo, ahishura yuko yari afise amadayimoni menshi cane, atari imwe canke zibiri, ahubwo ko yari ibihumbi n'ibihumbi! Nta kintu kibi mu buzima ari igisanzwe, vyose bitegurwa n'umwansi. Satani akora inyuma y'ibintu, akoresha abantu n'ibintu. Niwamwitaho, ukamiuha akanya azoguha ubuyobozi akuyobore! Anka kubohwa! Ni igihe co kuduga hejuru y'ibisanzwe no kwibira buri musu mw'Ijambo ry'Imana kugira ngo ubone ubuyobozi n'uburongozi. Uko uzobikora, uzotangazwa n'ingene urushiriza gusumba abandi muri uwu mwaka wo gucagagura iminyororo, mw'Izina rya Yesu ry'ububasha!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Sindi umukandida w'ukwinjira kw'amadayimoni! Umubiri wanjye ni ingoro ya Mpwemu Yera. Ndirukana inguvu mbi zose, kuko navukiye gutwara no kuganzanya na Kristo mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Luka 8:29

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsu : Ezeziyeli 22:13-24:27

www.goodnewsdailydevotional.com



Kuwa mbere, itariki 15 Nyakanga

YESU NIWE MUGANGA WAVE

Kuvayo 15:26

...Nta n'imwe mu ndwara nateje Abanyegiputa nzobateza. Kuko ari jewe Uhoraho ndabakiza indwara.

Mu giheburayo c'umwimerere, ijambo ryahinduwe ngo "ndabakiza" ni Rapha, risobanura kandi umuti. Ivyo bisigura ko Imana iriko iravuga ngo "Ndi Uhoraho, Umuganga wawe." Ese ukuntu bitangaje kugira Umuremyi w'ibiriho vyose nk'umuganga wawe bwite! Aho bitandukaniye hamwe n'abaganga b'abantu, bo biga ibintu bitandukanye, bamwe bavura amagufa, abandi bavura umutima canke urukoba, Dogiteri Yesu ni we Muganga w'umuhinga w'ingwara zose, w'agahebuza muri vyose!

Yarakuremye kandi arazi vyose ku bijanye nawe, imbere n'inyuma. Ntavura ibimenyetso gusa; Arasubizaho, agasubiza ubushasha, kandi akagarura, akarema! Naho igihimba c'umubiri coba kibuze canke coba cononekaye ku buryo kidashobora gusanurwa, arashobora kugisubirira ata kubagwa canke kubabara. Nta kibazo comugora cane, kandi nta ndwara irenze ububasha bwiwe. Gukira kwawe kwaramaze gushikwako! Yesu arafise umutima ukunze kandi arashoboye kugukiza ubu nyene, si ejo, si mu ndwi iza, ariko UBU!

UKWATURA K'UBUVUGISHWA

Mbayeho mu buzima bw'Imana! Indwara n'ibiza nta kibanza bifise mu mubiri wanjye. Mba imbere y'Umuganga Mukuru, kandi ubuzima bwanje burangwa n'ukwezwana n'intsinzi ubu n'ibihe vyose, mw'Izina rya Yesu ry'ububasha! Haleluya!

KUNONOSORA INYIGISHO

Zaburi 103:3

GUSOMA BIBILIYA MU MINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ezekiyeli 25:1-28:10

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 16 Nyakanga

HANGANA N'IBIGUHANZE

Matayo 4:1

Buno Yesu aduganwa na Mpwemu mu bugaragwa ngo ageragezwe na Satani.

Yesu yararongowe na Mpwemu mu bugaragwa kugira ngo ahangane ata guca ku ruhande na satani ubwiwe, atari dayimoni ntoy, ahubwo na satani nyene! Umwansi yarateye ibitero vyawe bikomeye kuruta ibindi vyose, atera umwampi w'umuriro wose ushoboka kuri Yesu, we nyene yamuremye! Ariko raba ikintu gitangaje, Yesu ntiyahanganye canke ngo agerageze gutera ubwoba Satani mu kumwibutsa ko ari we Muremyi wiwe. Ahubwo yamwishura n'Ijambo ry'Imana ryanditse!

Igihe cose Satani yamugerageje, Yesu yatangaza ati: "Vyanditswe!" Yarwanisha Ijambo rya kera. Ivyo vyerekana ububasha buhambaye buri mw'Ijambo ryanditse, ari ryo jambo Logos ry'Imana. Nimba Yesu ubwiwe yahanganye na shetani akoresheje Ivyanditswe, mbega twebwetworushirizaho? Igitero cose kivuye ku mwansi gifise inyishu mw'Ijambo! Bishire mu ngiro buri musu mu rugo rwawe, mu vy'amahera, mu buzima bwawe maze urabe umwansi ahunga mu gutsindwa!

UKWATURA KWUBUVUGISHWA

Ndinitswe mw'Ijambo! Sinshobora kuba umuntu yoroshe ku bitero vy'umwansi. Ijambo ry'Imana ni ryo ntware yanje, ni ryo rinkingira, ni ryo rimpisha. Umwampi wose w'umwansi w'umuriro uzogwa hasi, umeneke. Shemeze Umukama! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Luka 4:15

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ezeziyeli 28:11-31:18.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 17 Nyakanga

WOBA WARAGERAGEJE YESU?

Matayo 9:20

Buno umugore arwaye kuguma ava amaraso, yari abimaranye imyaka cumi n'ibiri, amuturuka inyuma, akora ku buyonga bw'impuzu yiwe

Uwo mugore yaramaze imyaka cumi n'ibiri agerageza vyose, kuva ku baganga gushika ku bahinga, yamara ntivyagenda neza. Ikibiruta, amahera yiwe yaraheze, kandi ivyizigiro vyawe vyarazimangana uko yagerageza kwose ata co ashoboye. Yari ata cizere agifise.

Ariko rero, yumvise Yesu! Ukwizera kwiwe kwaradometswe igihe yariko araca muri icyo sinzi y'abantu, akibwira mu mutima wiwe ati: "Nimba nokora ku mpera y'impuzu yiwe gusa, nzokira!" Nta n'umwe yamurambitseko ibiganza. Yaronse ugukira kwiwe kubera ukwizera! Igihe kimwe coguhura n'Umukama, cahinduye inkuru y'ubuzima bwiwe bwose.

New ni gute? Mbega uriko uraba ahandi hose atari Yesu? Mbega ni we nzira yawe ya mbere canke ni we nzira yawe ya nyuma? Muri uyu mwaka w'Uguca amaceni, guhura na Yesu rimwe bizoca imipaka yose mu buzima bwawe! Utitaye ku kuntu ibintu vyifashe, waba ukeneye gukira, gucungurwa canke gutera imbere, uzoshinga intahe!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Navyawe n'Imana! Indwara n'ubukene biri kure cane yanje. Mba mu magara meza y'Imana, nkikujwe n'uburinzi bw'abamarayika, kandi ubuzima bwanje n'intahe y'ububasha bw'Imana. Aleluya!

KUNONOSORA INYIGISHO

Malaki 4:2

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ezeziyeli 32:1-34:24.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 18 Nyakanga

SENGA KANDI UHIMBAZE IBIHE VYOSE

Ivyakozwe n'intumwa 16:23

Bamaze kubakubita inkoni nyinshi, babashira mw'ibohero, babarira umurinzi kubarinda cane.

Paulo na Silasi baraboheshejwe iminyororo, barakubitwa, barafungwa, yamara inyishu yabo ntiyari ukwihebura, ukubabazwa canke ishavu ahubwo yari ugusenga no guhimbaza Umwami w'abami! Ibaze ko uri mu nzu y'imbohe y'umwiza kandi y'umwanda, ufise ibikomere vyuguruye, yamara ugahitamwo gusenga aho kwidodomba ku ngorane urimwo. Ese ukuntu ari ikimenyetso gikomeye c'ukwizigira n'ukwizera Umukama

Uko basenga bongera bashimagiza, ijuru ryarishuye! Umurongo wa 26 uvuga ko nyamugigima ikomeye yanyiganyije iyo nzu y'imbohe, imenagura umunyororo wose, igafungura urugi rwose. Ubu ni bwo bubasha bw'ugushemeza! Imana ntiyubaha abantu. Iyo amasengesho n'amashemezo biduze ku Mana, nta nkeka ko haba inyishu yihuta iva mu bibanza vy'Ijuru kugira ngo Imana igire ico ikoze. Iyo ushize ijwi hejuru mu gusenga, Imana irakora kubwawe.

Ivyo Imana yakoreye Intumwa Paulo na Silasi, irashobora kubigukorera iyo ivyiyumviro vyawe bishizwe kuri yo. Naho woba uriko urashikirwa n'ibintu bimeze nk'ivy'ibohero, amadeni y'amahera, indwara, ugucererwa canke ugusubira inyuma, ntuhagarike gusenga! Ntureke gushima! Ijuru ririko rirumviriza, kandi ugutera imbere kwawe kuri hafi kuruta uko wiyumvira!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Amasengesho yanje araduga nk'akamoto karyoshe imbere y'Ishobora vyose! Amashemezo yanje arumvikana mu bibanza vy'Ijuru, akavyura ubufasha bw'Imana umusi n'ijoro. Ndahimbaza, kandi ugutera imbere kwanje ntikubura mw'Izina rya Yesu! HimbazaUmukama! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Ab'i Korinto 11:15

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ezekiyeli 34:25-38:9.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 19 Nyakanga

NI UMWANSI YATSINZWE

Ab'i Kolosayi 2:15

Kandi yambuye abakuru n'abafise ububasha, ibateterereza mu maso ya bose, ibashorera bafashwe mpiri kubwo uwo musaraba

Birababaje kwumva abakristo bavuga ngo bariko barwana na satani. Soma neza Ivyanditswe, Satani yaramaze gutsindwa! Yesu yaramwambuye ibirwanisho, amwambura ububasha bwose, araheza amugira nk'akabonero k'abantu bose. Yaramuzungurutse, nk'aho yoba yatereye agapapuro hasi. Kristu yarazutse, satani nawe yaraguye!

Bibiliya imenyeshya ko wicaranye na Kristo mu kibanza vyo mw'ijuru, apana ko uriko urwana iruhande yiwe. Urugamba rwaramaze gutsindwa! Yesu ntiyatsinze umwansi gusa; Yamujanjaguye mu karere kiwe bwite, umuriro w'iteka ubwawo! Satani si ikintu giteye ubwoba; yaramaze gutsindwa! None, uruhara rwawe ni ugushitsa iyo ntsinzi. Imana yacu irakomeye cane, kandi iraguha ububasha bwose mw'Izina rya Yesu ngo ukore nkayo nyene ku dayimoni iyo ari yo yose, yaba nto canke nini.

Ububasha bwawe muri Kristo butegerezwa gukoreshwa ku kintu cose kibi. Anka kureka umwansi akubeshe mu buzima bwawe ibinyoma vy'ubwoba, indwara canke ukunanirwa. Ntukeneye kurwana n'umwansi yatsinzwe. Mwirukane hanze! Murwanye, azohunga!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ntwarana na Kristo ndi mu kibanza c'intsinzi! Ndavuga, ndakora, kandi nkorana ububasha bw'Imana. Nta satani, nta bubasha, nta murwanyi bishobora kuntera! Mfise intsinzi irushirijeho mw'Izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 8:38-39

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ezekiyeli 38:10-40:49

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itariki 20 Nyakanga

REKA IMANA IVUGE

Yeremiya 1:9

Maze Uhoraho aca aramvura ukuboko; Uhoraho arambarira ati: «Ehe nashize amajambo yanje mu kanwa kawe.»

Mu bihe vya kera, Imana yaravugishije Aburahamu, Musa, Yosua, Dawidi, Yesaya, Samweli n'abandi batagira uko bangana. Abo bari abantu, abamuri muri Mpwemu, bagendana na we, bumviriza bitonze, bagakurikiza amabwirizwa yiwe, hanyuma barahagarirwa. Bashikanira Imana ivyo basaba mu masengesho, bakarindira ko ibabwira impanuro zayo zijanye n'imiryango yabo, ubudandaji bwabo, ubuzima bwabo bwite be n'akazi kabo. Ubuzima bwabo bwacitse ikimenyamenya c'ibishika iyo uretse ijwi ry'Imana rikaba ari ryo rivuga cane mu buzima bwawe!

Abakirisu benshi muri iki gihe barayaga n'Imana ariko ntibahagarara ngo bayumvirize. Bazana imbere yiwe ivyo kwidodomba, ivyo gusaba amasengesho, n'ivyipfuzo, yamara ntibahagarara igihe kirekire bihagije kugira ngo bumve inyishu yiwe. Ariko isengesho si ijambo ry'umuntu umwe, ni ikiyago. Uyu musu, wimenyereze ubuhinga bwo kwumviriza Imana, kuko Ivuga iti: «Ehe Nimuze, twitature » (Yesaya 1:18). Ivyo bisigura ko Ishaka kuvugana nawe. Rero, vugana n'Imana mu kuyumviriza muri uyu mwaka wo guca amasheni!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Data, uri Imana yanje n'Umukama wanje, kandi mpagaze niteguye kwumviriza amabwirizwa yawe. Nshize amatwi yanje kw'ijwi ryawe! Mbwira, unyobore, uncoreshe ku bw'ubuninahazwa bwawe. Ndanumishije ikintu cose kinsamaza, kandi ndiko ndumviriza amakuru y'ijuru. Ndiko ndakw'umviriza Mana! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Kuvayo 7:1

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ezekiyeli 41-43

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku muni w'Imana, itariki 21 Nyakanga

NONE WOVUGA IKI?

Yakobo 3:2

Kuko twese dutsitara muri vyinshi. Umuntu wese adatsitara mu vyo avuga, aba ari umuntu atunganye rwose, ashobora no kuganza umubiri wiwe wose.

Abakristo bamwebamwe barakunda kwibaza igituma ibintu bitagenda neza mu buzima bwabo naho boba bagendera cane mw'ishengero. Akenshi, ni kubera akaranga k'amajambo yabo. Bavuga amajambo y'ubujuju, ata co amaze; indimi zabo ntizirihebera Mpwemu Yera.

Ugukura kwawe kwo mu vy'impwemu bwa Mukirisu gupimwa n'amajambo yawe. Mu kiyago kimwe kigufi ndashobora kumenya nimba umuntu ariko arakura mu vy'impwemu canke atarivyo, vyose biri mu majambo. Ijambo ry'Imana rigutegeka kwitwararika amajambo yawe no kugenzura ururimi rwawe. Ni umwitwarariko wawe. Ntibihagije kuvuga gusa ngo: "Ewe Mana, ndagusavye utoze ururimi rwanje." Oya, ukwiye kumuhebera ururimi rwawe mu gukurikiza amabwirizwa yiwe yerekeye gukoresha amajambo. Imbere yo kuvuga ikintu, wiyumvire ingaruka zaco ku mpwemu yawe, ku buzima bwawe, ku bucuruzi bwawe, ku wo mwubakanye, ku bana bawe n'ibindi.

Haranira gutungana muvuyo ukora vyose, vyose bitangura ku rurimi rwawe. Uzatangazwa n'ingene rushobora guca iminyororo myinshi!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ururimi rwanje ni nk'ikaramu y'umwanditsi yiteguye. Nfise amajambo akwiriye, nategura umusi mwiza kuruta iyindi yose uri imbere uno musu. Ndavuga ukuroranyirwa, umutekano, umunezero n'intahe zikomeye mw'izina rya Yesu!

KUNONOSORA INYIGISHO

Imigani 21:23; 1 Petero 3:10

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ezekiyeli 44-47

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 22 Nyakanga

UMUTWAZI W'UBUNINAHAZWA

Abakolosayi 1:27

Abo Imana yakunze kumenyesha itunga ry'ubwiza bw'iri banga, rivugwa mu banyamahanga, ni ryo Kristo ari muri mwebwe, ivyizigiro vyo kuzoronka ubwiza

Imbere yo kuza kuri Kristo, bibiliya ituvuga uku mugitabu c'Abaroma 3:23; « Bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubwiza bw'Imana ». Twese twari muni y'umuvumo wadufunguriye ibintu bibi vyose vyo mw'isi. Ariko ubu ko wavutse ubwa kabiri, waraninahajwe; ivyo bisigura kuzanwa mu buzima bw'ubwiza, bw'agaciro, bw'uguterimbere n'ugutunganigwa.

Mw'itongo ry'i Edeni, Adamu yabaye imbere y'Imana. Ukwo kubaho kwari ubuninahazwa bw'Imana. None rero urafise ivyiza kuruta; ukuhaba kw'Imana ntikugukikuje gusa canke kuri kumwe nawe, ahubwo kuri MURI wewe: «Kristo muri wewe, icizigiro co kuzoronka ubwiza». Ukuhaba kw'Imana ntikukiri ijwi gusa rigendagenda mu mfuruka z'umurango, ukuhaba kwayo kuri muri wewe ubu! Uri umutwazi w'ubuninahazwa, aleluya!

Ukoresheje iri Jambo, urabe ubuninahazwa buri imbere, werekane ubwiza n'ubutungane bwa So wawe wo mw'ijuru. Imana ntirwaye rero nawe nturwaye, Imana ntikenye rero ntukwiye gukena, ntabwo igira intuntu, kandi rero ntukwiye kuba muntuntu nawe.

Uri uwutwara icubahiro; reka bigaragare mu buzima bwawe ubu!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndi umutwazi w'ubuninahazwa bw'Imana. Ubwiza, ubuhinga, ukuroraniwa n'uguterimbere vyose ni ivyanje, kandi inyungu yanje izobonekera bese mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yesaya 60:1-3.

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Ezekiyeli 48; Daniyeli 1:1-2:30

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 23 Nyakanga

ISEZERANO

1 Yohana 5:14

Kandi ubu nibwo bushizi bw'ubwoba dufise kuri yo, ni uko iyo dusavye ikintu cose gihwanye n'ivyo igomba, itwumva

None ntibitangaje kumenya ko ushobora gusaba Data ikintu cose n'ubushizi bw'amanga, mw'izina rya Yesu, ukaronka inyishu? Raba ivyo Umukama Yesu yavuze muri (Yohana 16:23) ati: "Kuri uwo musu ntaco muzombaza. Ni ukuri, ni ukuri ndabibabwiye: ivyo muzosaba Data vyose mw'izina ryanje, azobibaha." Aha, yamenyesheje abigishwa ihishurirwa rishasha; uburyo bushasha bwo gusaba, bukabamenyesha umusi mushasha uzoza aho bazosaba Data ataco bacye ku ruhande ivyo bipfuzwa vyose.

Iyi ni yo Nkuru Nziza; turi muri uwo musu Umukama wacu Yesu yavuze ubu nyene! Ico ukeneye gukora kugira Imana yumve kandi yishure isengesho ryawe n'ugusaba n'ubushizi bw'amanga mw'izina rya Yesu. Iryo ni ugusaba bivanye n'ubugombe bwiwe, kandi ivyo biremeza ko umuntu azokwumvirizwa!

Data arafise umutima ukunze wo kukwumva no kukwishura kuruta uko wewe ushaka kumusaba. Nuko rero, mugire ubutwari bwo gusaba ico mushaka, mw'izina rya Yesu: «Ni mwaguma muri jewe, n'amajambo yanje akaguma muri mwebwe, muzosabe ico mushaka, kizobabera» (Yohani 15, 7).

Urabibona? ivyo n'ikimenyamenya!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Inyishu y'isengesho ryanje irasezeraniwe kandi ntakizohagarara mu nzira yanje. Iryo mvuga vyose uno musu mw'izina rya Yesu birashirwako umukono, birashirwako ikidodo kandi birashikirizwa. Aleluya!

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Yohana 5:15

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Daniyeli 2:31-4:27

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatatu, itariki 24 Nyakanga

ICIRORE C'IJAMBO

Yakobo 1:25

Ariko uwitegereza vyagezwe bitunganye rwose, arivyo vy'umwidengemvyo, akabishishikara, atari uwumva akavyibagira, ariko ari uwubikora, ni we azohabwa umugisha mu vyo akora

Ijambo ry'Imana ni icirore ciwe. Bibiliya ivuga ko uwumva Ijambo wese ntagire ico akoze ni nk'umuntu yibona mu cirore, agahindukira akibagirwa uko asa (Yakobo 1:23-24). Mu yandi majambo, Imana yiteze ko wumva Ijambo ryayo ugakora ivyo rivuga. Ikibazo ni iki, umuntu akora gute Ijambo?

Ukora Ijambo mu kwibona uko Imana ikubona uri mw'Ijambo ryayo hanyuma ugakora nk'uko biri. Nk'akarorero, mw'Ijambo, icirore c'Imana, kiravuga ko wakize, iyo ni ishusho ry'ingene Imana ikubona. Raba iyo shusho yawe ufise amagara meza maze uyishigikire. Kora nk'aho ari ukuri; kuko n'ukuri. Nimba Ijambo ry'icirore rivuga ko uguterimbere ari ukwawe, wemeze iryo Jambo kandi urishire mu ngiro mu kwizera. Reka kugira ururimi rwatura ubukene. Guma wiraba mu cirore c'Imana; komeza wige kandi wumvirize Ijambo. Uko uzobikora, uzorushiriza gusa n'ubuninahazwa ubona mw'Ijambo.

Iyo niyo ngendo y'icirore c'Ijambo.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Kuva uno musu, icirore c'Imana ni co nzoraba buri musu, apana ibintu blinkikuje. Ndashigikira kandi nkora ivyo icirore c'Ijambo kivuga kuri jewe. Urakoze Mukama, ku bw'Ijambo ryawe! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

2 Ab'i Korinto 3:18

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Daniyeli 4:28-7:12.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kane, itariki 25 Nyakanga

UBWIZIGIRWA

Daniyeli 6:4

Maze ba bakuru n'abaganwa baherako barondera urwitwazo rw'ico borega Daniyeli ku vy'igihugu; ariko bamuburako urwitwazo narumwe canke igitiriganye na kimwe.

Imana irondera abagabo n'abagore b'intahemuka kugira ngo bashitse umugambi wayo n'igikorwa cayo hano kw'isi. Bibiliya iratanga akarorero ka Daniyeli nk'umuntu yabaye umwizigirwa ku Mana mu buryo butangaje kandi buhumekewe kuruta ubundi bwose. Yari umwizigirwa ata gatotsi kandi yihebeye Umukama; ivyanditswe bivuga ko ata makosa yabonetse muri we. Ntiyari umuntu yononekaye canke ngo abe uwutagira ico akora. Yari umwizigirwa mu vyo yakora vyose. Woba ushobora kuvuga ivyo kuri wewe nawe?

Nk'umukristo, ubudahemuka bwawe bwa mbere, ukwitanga kwawe, ukwiyemeza kwawe n'ubudahemuka bwawe biri ku Mana n'Ijambo ryayo imbere y'ibindi vyose. Uruhamo rushobora kugutera ruvuye mu mfuruka zose, ariko utegerezwa kuguma ushikamye kandi utagira ubwoba mu gukorera Umukama no mu kuba intahemuka. Daniyeli yajugunywe mu mwobo w'intare kuko yahisemwo kuba umwizigirwa ku Mana, Imana na yo ifunga akanwa k'intare - ubudahemuka buvyara uburinz!

Abantu b'intahemuka batoranirizwa amabanga ahambaye, rero, nuhitemwo kuba umubwiriza w'umwizigirwa mu nzu y'Imana. Mu gukoresha ingabirano n'ubushobozi bwawe, amahera n'imihezagiro y'ivy'umubiri - uhitamwo kuba umwizigirwa! Biraca iminyororo!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ndamenyeshya ukwizigira kwanje gushitse n'ubudahemuka bwanje ku Mana uno musu. Mpisemwo kumukorera mu budahemuka n'ubuzima bwanje naho ingorane zoba zimeze gute mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Ab'i Korinto 4:2; Ab'i Kolosayi 1:2.

GUSOMA BIBILIYA MUMISI 365

Igisomwa c'umunsi: Daniyeli 7:13-11:13.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatanu, itariki 26 Nyakanga

UMUFASHA WANYU W'UBUMANA

Yohana 14:16

Nanje nzosaba Data, na we azobaha uwundi Mwitsa, ngo azobane namwe ibihe bidashira.

Woba utahura neza ukuntu ico canditswe gitangaje? Reka ndakwereke. Raba ijambo 'umwitsa', rikoreshe mu kudondora Mpwemu Yera. Ni ijambo ry'ikigiriki 'parakletos', risobanura uwusenga, uwuhoza, uwufasha, uwuburanira. Iyumvire gusa ko muri wewe ubu nyene haba iki kiremwa gikomeye mu bindi ari co kigufasha! Iyi ni inkuru nziza bavukanyi.

Mpwemu Yera yaje kugufasha kubaho ubuzima bwiza cane bwa gikirisu. Nta mpamvu n'imwe yotuma unanirwa mu kintu na kimwe mu buzima umaze kwakira Mpwemu Yera. Nta burenganzira ufise bwo kunanirwa kuko Mpwemu Yera niwe mufasha wawe! Azogufasha kandi azokwigisha gusenga, kandi azokwigisha Ijambo! Azokwereka ingene wokwidegemvya ukaba ufise amadeni, azogufasha kuronka akazi, azoguha inguvu kandi aguhe ubushobozi bwo kuroraniwa mu bucuruzi no mu buzima bwo mu muryango. Ubushobozi bwiwe buzoba ubushobozi bwawe, inkomezi ziwe na zo zibe inkomezi zawe.

Mumenye buri musu nk'umufasha wawe w'Imana kandi umenye ko yaje kugira ngo aguteze imbere mu buzima.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uyu musu ndahaye Mpwemu Yera ikibanza ca mbere mu buzima bwanje. Nzotangazwa n'ubunini bw'ubuninahazwa bw'Imana buzogaragara muri jewe. Ivyiza, icubahiro n'ubuninahazwa; kandi ubushobozi bwiwe, inkomezi ziwe n'ubwenge bwiwe bizogaragara mu buzima bwanje kuva ubu mw'izina rya Yesu!

KUNONOSORA INYIGISHO

Abaroma 8:26

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Daniyeli 11:14-12:13; Hoseya 1-3.

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa gatandatu, itariki 27 Nyakanga

HIMBAZA UHORAHO!

Zaburi 113:3

Uhereye iyo izuba rirasira ugashitsa iyo rirengera Izina ry'Uhoraho rikwiye gushimwa

Umurongo w'uyu musu uratomoye cane. Imana ishimwe bene Data bakundwa. Mumushemeze mu gitondo. Mumushemeze ku muhingamo. Mumushemeze mw'ijoro. Nimba utigeze uhimbaza Imana nk'uko vyavuzwe haruguru, rero tangura ubu nyene. Ushobora kuvuga ko ubuzima bwawe butabereye gushemeza Imana, ariko, iyo ni yo mpamvu yo kuyishemeza mbere kurushirizaho! Mushemeze imbere y'igihe kubera ihinduka rigiye kuba mu buzima bwawe! Mumushemeze kubera Izina rya Yesu. Mumushemeze kubera agakiza. Mumushemeze kubera Inkuru Nziza!

Mubwirizwa kuba muriko murasemerera mu munezero mu nzira muja ku kazi, mukavuzwa induru mu nzira musubira i muhira!

Niba waratwaye itongo rya shetani akaza kukurwanya kugira ngo asubire arigitware, iki si co gihe co kwicara ukaboroga ingene ibintu bitagenda neza. Ni igihe co kwinjira mw'Ijambo no kwatura amasezerano y'Imana. Aho niho uja muma banki yawe y'amasengesho ugakuramwo ivyo washizeyo.

Ivyo satani agerageza gukora vyose, ntusubire inyuma ngo wiruke ngo wihishe. Haguruke ukomeye, uvuge Ijambo n'ububasha kandi uhe Uhoraho IJAMBO ry'ishimwe rica iminyororo! Intsinzi irasanzwe ari iyawe.

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Kuva uno musu ubuzima bwanje ni ubuzima bwo guhimbaza! Uko igihe coba kimeze kwose, iminwa yanje izokwuzura amashimwe. Dawe ni Umwami w'Abami, arabereye gushimwa kandi ndahezagiwe nokumuhimbaza!

KUNONOSORA INYIGISHO

Ivyahishuriwe Yohana 5:13, Yesaya 45:6

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Hoseya 4-9

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku munsu w'Imana, 28 Nyakanga

SI AMAJAMBO GUSA

1 Abakorinto 4:20

Kuko Ubwami bw'Imana atari ubw'amajambo; ariko n'ubwo ubushobozi

Ijambo ry'Imana rirakomeye cane! Raba kandi ivyanditswe. Intumwa Paulo atangaza adakekeranya yuko Ubwami bw'Imana atari ubw'amajambo, ahubwo ari ubw'ububasha. Nkunda verisiyo ya NLT iyita 'insiguro y'ubuhinga'. Ni co gituma ubukirisu bwacu bwinshi muri iki gihe bwibanda cane ku majambo y'agaciro abwirizwa, asomwa canke asengwa. Insiguro zo ku musu w'Imana mu gitondo zibereye impembo z'ubuhinga. Iyo nsiguro yose nta co imaze ata bubasha bubereye bw'Imana buri inyuma yayo.

Paulo ntiyatumenyesheje gusa ivyiyumviro bininibinini bikoreshwa n'amajambo, yatumenyesheje ububasha bw'Imana buboneka gusa biciye mu kwizera Kristo. Uko utanguye umusi wawe, reka ivyo vy'ukuri bigushikemwo. Uri inkomezi zigendera, zivuga, zifise ubuzima. Ivyo uvuga vyose n'akanwa kawe uno musu si amajambo gusa, uzobona ingaruka zikurikira. Ububasha bw'Imana buriko buraca mu mitsi yawe ubu, si amajambo gusa - uvyemere kandi ubikore!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Ijambo ryose nzovuga kuva ubu rizokurikirwa n'ukwerekana ububasha bikomeye. Si jewe mvuga gusa; Ndi ikimenyamenya kiviyara ibimenyetso mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yakobo 2:26

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsu: Hoseya 10-14; Yoweli 1:1-2:17

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa mbere, itariki 29 Nyakanga

NDATURA UBUTUNZI

Luka 6:45

Umunyangeso nziza akura akura uvyiza mw'itunga ryiza ryo mu mutima wiwe, n'umunyangeso mbi akura ibibi mw'itunga ribi. Ibibogaboga mu mutima ni vyo akanwa kiwe kavuga

Sinshobora kubabwira incuro zingahe numvise abakristo bavuga bati: "Nama ndiko ndatura, ariko ntagihinduka." None mumenya gute ko atakiriko kirahinduka, nico kibazo canje?

Ni nk'umurimi atera imbuto z'ibigori uno musi, akazicukura mu butaka bukeye kugira ngo arabe ko hariho impinduka. Imbuto ntizimera mw'ijoro rimwe; ariko iyo zimaze guterwa ahantu habereye, zigahabwa umwanya, zikavomerwa kandi zigatunganirizwa neza, zizokura ata gukeka. Amajambo ni uko nyene, n'imbuto. Uyavomera n'ukwizera kwawe kandi uyashigikira n'Ijambo.

Ijambo ry'Imana mu kanwa kawe ni Imana ivuga. Reka kwiyumvira ko ivyo watuye bitariko birakora. Kristo muri wewe aguhindura umuntu mwiza azana ivyiza. Ntureke ngo satani ikubeshe, uzozana ubutunzi uno musi!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Mu majambo yanje mvuga ubutunzi butagira uko bungana uno musi. Nta gikorwa ntashobora gukora, nta bucuruzi ntashobora kurongora kandi nta munyoro ntashobora guca. Habeho umuyaga w'ubutunzi mu rwego rwose rw'ubuzima bwanje ubu mw'izina rya Yesu! Amen.

KUNONOSORA INYIGISHO

Yesaya 55:10-11

GUSOMA BIBILIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Yoweli 2:18-3:21; Amosi 1-4

www.goodnewsdailydevotional.com



Ku wa kabiri, itariki 30 Nyakanga

FATA UBUTEGETSI!

Abaroma 8:37

Ariko muri ivyo vyose turarushiriza kunesha kubera uwadukunze.

Bene Data, intsinzi yawe ku mwansi iramaze gushirwaho. Ntushobora kugira mu maso harehare, uhagaze mu mutima kandi uciitse intege kubera gusa ibintu bishobora kuba bitagenda uko ushaka. Umurongo uvuga ko turi abatsinzi, atari kubera ko twabwirizwa kurwana intambara ahantu kanaka tukanesha, ariko kubera ivyo Yesu yadushikiriye biciye mu rupfu rwiwe, uguhambwa kwiwe n'izuka ryiwe.

Igikorwa cawe ubu ni ugukomeza iyo ntsinzi; kugira ngo utware isi yawe, ngo ufate ubutegetsi no kuduga hejuru y'ibintu. Ufise ubukuru n'ububasha bwo guhindura ingendo y'ibintu kw'isi, ukoresheje Izina rya Yesu. Ubu bubasha ubufise ubu nyene! Ibintu vyose vyashizwe muni y'ibirenge vyawe. Satani, ukunaniirwa, indwara, ubukene n'urupfu vyose biri muni y'ibirenge vyawe. Wicaye iburyo bw'Imana muri Kristo Yesu; ivyo bisigura ko uri mu kibanza c'ubukuru n'ububasha vy'Imana. Ni uwuhe musu mubi kuri wewe mwana w'Imana? Telefone y'inkuru mbi? Ikoraniro ribi? Nta co bimaze mu maso yawe! 'Wanesheje' ibintu bibi vyose kera cane biciye kuri Kristu. None rero, bibeho!

UKWATURA KW'UBUVUGISHWA

Uyu musu ndaduga hejuru y'ikintu cose cari kinzibiye. Ndi UWURUTA umutsinzi, ivyo bituma ntakogwako, ntatsindwa kandi 'ntashobora kwicwa' mw'Izina rya Yesu. Aleluya!

KUNONOSORA INYIGISHO

1 Yohana 5:4-5

GUSOMA BIBLIYA MUMINSI 365

Igisomwa c'umunsi: Amosi 5-9; Obadiya 1:1-9.

www.goodnewsdailydevotional.com

UMUYOBOZI WAWU W'UBUVUGISHWA IMISI YOSE

Igitabu c'Ijambo ry'ubuhanuzi bwa muri musi ubu kiraboneka muri verisiyo y'imiyabaga n'abana, hamwe n'iki nyamukuru, kiguha ijamba ryawe ry'ubuhanuzi ryo kumusi kumusi rivuye mu mutima w'Umuhanuzi Uebert Angel. Iryo biganiriro vy'ugusenga bigenewe gutuma ijamba ry'Imana ryambara umubiri ku muntu wese wo mu muryango wawe. Igitabu c'abana cigisha ukwizera, urukundo n'amasezerano y'Imana mu buryo buteye umunezero kandi butahuritse kubana bato, mu gihe igitabu c'imiyabaga gitanga ubumenyi bwimbitse bwo kubayobora mu buzima nokubaha ubwenge n'inkomezi vy'impwemu. Buri musi, nuronke ubuyobozi bw'ubuhanuzi bujanye n'ukugendana n'Imana, kumyaka yose wob ufise! Ntucikwe n'aka karyo maze ubone kopi yawe ku buntu uno musi.



SCAN ME

VYANDITSWE N'UMUHANUZI UEBERT ANGEL

    @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

UMUHAMAGARO MPUZAMAKUNGU USABA INGENGENGO ISHIKA MUMAKUNGU

BA UMUFATANYABIKIRWA W'IGITABU C'INKURU NZIZA Y'UMUSI

Biciye mu bufatanyabikorwa bwanyu bw'ubugwaneza n'infashanyo y'amahera, turashobora gusangira inyigisho y'Inkuru nziza y'umusi ku mfuruka zose z'isi no kwigisha ibitigishwa ahandi ku bijanye n'inkuru nziza y'Umwami wacu Yesu Kristo, biciye mw'ihishurirwa ryahawe Umuhanuzi w'Icyubahiro Uebert Angel. Turashobora guhindura indimi, gucapa no gukwiragiza igitabu c'Inkuru nziza y'umusi biciye mu ngendo zacu z'ubutumwa, Isekeza ry'Inkuru Nziza, gushigikiza uburyo igihugu/ururimi kugira ngo dufashe mu gukwiragiza ubutumwa kurushirije. Ba umufatanyabikorwa muri uruyu muhamagaro w'isi yose kandi wifatanye natwe mu gutwara ubutumwa bw'Imana mu mahanga yose biciye kuriyi Ntumwa, ariyo Inkuru Nziza y'Umusi

**VYANDITSWE N'UMUHANUZI
UEBERT ANGEL**

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

PARTNER AT: WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

UMWAMI WACU YESU KRISTO

Umwami wacu Yesu Kristo ni we buye ry'imfuruka ry'ukwemera rukristo. Ubuzima bwiwe n'inyigisho ziwe vyaragize ico bikoze cane ku bijanye n'ingene kahise kagenda. Umukama wacu Yesu Kristo azwi cane kubera imbabazi ziwe zitagira uko zingana, ubukerebutsi bwiwe n'ibitangaza yakoze. Ubutumwa bwiwe bwari bushingiye ku rukundo, imbabazi, n'isezerano ry'ubuzima budahera, bugatanga icizigiro n'ugucungurwa ku bamwizera bose. Mu busuku bwiwe bwose, yaragendeye ibihugu vy'i Yudaya, arakiza abarwaye, arahumuriza abagowe, yigisha ivy'ubwami bw'Imana bwamaho.

Kwakira Yesu Kristo nk'Umwami wawe n'Umukiza wawe bwite bisigura kwemera inyigisho ziwe no gutumira ukubaho kwiwe guhindura mu buzima bwawe. Ni urugendo ruja ku gushitsa ivy'impwemu, rushingiye ku kwizera, urukundo n'isezerano ry'agakiza.

Kubera Umwami wacu Yesu Kristo, turaronka inkomezi, icizigiro, n'inzira ijana mu mahoro yamaho. Gukira, canke gukizwa, ni ukuyobokera Imana, umugambi n'umugambi wayo ku buzima bwacu. Ni ukuva mu ngeso za kera tugahindukirira Yesu Kristo, tukagusaba imbabazi z'ibicumuro vyacu, akaduha ubuzima bushasha muri we.

Abaroma 10:9 havuga ngo:

"Kuko niwaturisha akanwa yuko Yesu ari Umwami, ukizera mumutima yuko Imana yamuzuye imukuye mubapfuye, uzokizwa."

Agakiza ni ingabire y'Imana ku buntu itugira abana bayo. Ni ukwemererwa mu muryango w'Imana burundu no guhabwa ubushobozi bwo kubaho mu buryo bushitse kandi bw'ukuri, ufise intumbero yo kwerekana Imana ku bindi biremwa vyayo vyose.

WOBA WARAKIRIYE YESU KRISTO NK'UMWAMI N'UMUKIZA?

TURAGUTUMIYE KWAKIRA YESU KRISTO
NK'UMWAMI N'UMUKIZA BICIYE MURI RINO
SENGESHO RIKURIKIRA

"MWAMI MANA, NDAJE IMBERE Yawe
MW'IZINA RYA YESU KRISTO. NDIZERA
N'UMUTIMA WANJE WOSE YESU KRISTO,
UMWANA W'IMANA NZIMA. NDIZERA KO
YAMPFIRIYE KANDI KO IMANA YAMUZUYE
MUBAPFUYE. NDIZERA KO ARI MUZIMA
UNOMUSI. NDATAUYE N'AKANWA KANJE KO
YESU KRISTO ARIWE KUKAMA W'UBUZIMA
BWANJE KUVA UYU MUNSI. KUBERA WE
N'IZINA RYIWE, MFISE UBUZIMA BUDAHERA;
NARAVUTSE UBWA KABIRI. URAKOZE MWAMI,
KUKO WAKIJIJE UMUTIMA WANJE! UBU NDI
UMWANA W'IMANA. ALELUYA!"

IMANA ISHIMWE, UBU URI UMWANA W'IMANA.

To receive more information on how you can grow
as a Christian, please get in touch with us on

UK: +44 3333 448 612 / USA +1 240 781 6942
RSA +27 51 004 0209

www.uebertangel.org | www.goodnewsworld.com

IMIRONGO YA BIBILIYA YO GUKINGIGWA

YESAYA 54.

14 NKOMEZWA N'UKUGOROROKA;
UGUHAHAZWA KUZOMBA KURE, NTACO
NZOTINYA; KUKO IBITERA UBWOBA
BITAZONYEGERA

15 NIHAGIRA ABANTERA, SI IMANA IZOBA
IBATUMYE; ABANTERA BOSE BAZOGWA
IMBERE YANJE

16 EHE NI IMANA IREMA UMUCUZI AHUHA
AMAKARA YUMUVUBA, AGAKURAMWO
ICO KURWANISHA KUBWO UBUHINGA
BWIWE; ARIKO KANDI NIYO IREMA
UMURANDUZI WOKUGESEZA.

17 NTA KIRWANISHO BACURIYE
KUNRWANYA KIZOGIRA ICO KIMARA;
KANDI URURIMI RWOSE
RUZOMPAGURUKIRA KUMBUBURANYA,
NZORUTSINDA. IVYO NO VYO MWANDU
WWANJE NK'UMUSAVYI W'UHOHAHO,
KANDI UKWO NI KWO KUGOROROKA
KWNJE KWANDURUKA KURI WE; NI
UHOHAHO ABIVUZE.

IBI NIVYO IMANA IMVUGAKO KANDI
SINZOTSINDWA MW'IZINA RYA YESU!

TRANSLATED FROM THE MESSAGE BIBLE IN ENGLISH

IKORANIRIZO RY'INKURU NZIZA ZA BURI MUNSI

GURA KOPI
YAWU UYU
MUSI!



Ugushaka Ijambo ry'Imana: Menya Ubutunzi bwo mu Mpwemu biciye ku Inkuru Nziza z'Imisi Yose. Kugira ngo uronke buzima bushinze imizi muri Kristo, ukwihebera Ijambo ry'Imana ata guhungabana ni ryo buye ry'imfuruka. Igitabo c' insanganyamatsiko z'Inkuru Nziza z'Imisi Yose, Umuzingo wa 1, ni igikoresheho kitagereranywa muri runo rugendo, gitunganya neza Inkuru Nziza mu bice vy'insanganyamatsiko kugira ngo umuntu yige neza kandi ashobore gutahura bitagaranye.

YVANDITSWE N'UMUHANUZI UEBERT



BA UMUFATANYABIKORWA W'URURIMI

Ifatanye natwe muri iki gikorwa kidasanzwe mu gushigikiza uburyo no gusangira n'abandi inyigisho y'Inkuru Nziza ya buri musi kugira ngo dushobore gukora ku mitima y'abantu amamiliyoni kw'isi yose. Twese hamwe, turashobora gukwiragiza ubutumwa bw'ubuntu bw'Imana mu bisagara vyose, mu nzira zose, no mu nzu zose, mu ndimi nyinshi, hose. Buri kwezi, abafatanyabikorwa bacu baratanga ku buntu kopi z'igitabu c'Inkuru Nziza y'umusi ku bantu baba mu bigo vy'impfuyi, mu mabohero, mu bitaro, mu bigo vy'abageze mu zabukuru, mu mashure, mu bigo vya Leta, no mu bindi bibanza bitagira uko bingana kw'isi yose. Twararonse intahe z'agakiza, ugukira, ubuntu bw'Imana n'ibindi vyinshi biciye muri iri sekeza ry'ugukwiragiza ubu butumwa kw'isi yose. Ba umunyamuryango wuzuye muri iki gikorwa c'ubuninahazwa bw'Imana mu guha umuntu akaryo ko gutangura ubuzima bushasha no gushubira kuronka icizigiro c'ejo.

VYANDITSWE N'UMUHANUZI UEBERT ANGELA

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

SPONSOR AT: WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

IKI GITABU KIRABONEKA MU NDIMI NYINSHI

KAZE KU MBUGA NGURUKANABUME NYI ZACU!

VYANDITSWE N'UMUHANUZI
UEBERT ANGEL

TEMBERA K'URUBUGA RWACU

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

    @GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL



Habwa Inguvu za misi yose n'ugukura mu vy'impwemu mu gusoma urubuga rw'Inkuru Nziza y'Umusi. Niwibike mw'Ijambo ry'ubuhanuzi ry'uwo musi maze ubone ibintu bigutunga bizohindura ubuzima bwawe. Ntukikwe n'akaryo ko gukomeza ukwemera kwawe no kuronka umunezero mw'Ijambo ry'Imana. Tembera k'urubuga rw'Inkuru Nziza ku musi uno musi!


For more information visit: www.goodnewsdailydevotional.com

You can also send an email to: gnd@goodnewsworld.com


Or Call At: **USA: +1 (240) 781-6942 UK: +44 333 344 8612**

ZW: +263 773 195 955 RSA: +27 (51) 004-0209

UMVIRIZA IMISI YOSE KURI



Nimwifatanye n'umuryango wacu w'abateze amatwi kw'isi yose batangura umusi wabo bumviriza Inkuru Nziza y'Umusi. Umviriza Inkuru Nziza y'Umusi kuri Spotify maze ibe umugenzi wawe mu nzira ijana mu gukura mu vy'impwemu no mu kuri kwa Bibiliya biciye mw'ihishurirwa n'inyigisho z'Umuhanuzi Uebert Angel



UMVIRIZA IMISI YOSE KURI



YouTube

Turabazanira intahe z'ukuri ku ngaruka Inkuru Nziza y'umusi yagize kw'isi yose biciye ku muhoro wacu wa YouTube. Nk'inyigisho yaburi muni yambere, Inkuru Nziza y'umusi, yarakoze ku buzima bw'abantu batagira uko bangana, ikwiragiza ubutumwa bw' ivyizigiro, urukundo n'ukwizera. Biciye mu nyigisho zikomeye cane z'Umuhanuzi Uebert Angel, igitabu c' Inkuru Nziza y'umusi caracitse igikoresheho gikomeye c'umuntu wese ku giti ciwe kikazana guhinduka, kigatuma abantu ku giti cabo, imiriyango n'abana bagira ubuzima bw' intumbeho n'ugushitsa.

Vyanditswe n'Umuhanuzi Uebert Angel



SUBSCRIBE NOW

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

WWW.GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL.COM

TheGoodNewsWorld Helplines

USA: +1 (240) 781-6942

UK: +44 333 344 8612

ZW: +263 773 195 955

RSA: +27 (51) 004-0209

www.goodnewsworld.com